



Fungisiso pamusoro peHupenyu hweMweya

Ruhi Institute



Book 1

Fungisiso pamusoro peHupenyu hweMweya

Ruhi Institute

Mabhuku ari Mumutevedzanwa:

Pazasi pane misoro iripo pari zvino mumudungwe wemabhuku akagadzirwa ne Ruhi Institute. Mabhuku aya akagadzirwa kuti ashandiswe sehwaro hwemudungwe wezvidzidzo muhurongwa hwakarongeka pakusimudzirwa kwekwanisiro yevechidiki uye vechikuru kuti vape shandiro munharaunda dzavanogara. Ruhi Institute iri kugadzira zvekare amwe magwaro onobukira kubva pagwaro rechitatu mumutevedzanwa wekudzidziswa kwavarairidzi vevana, uyezve pane chikwata chemamwe ari kubukira kubva paBhuku 5 iro rinonangana nekuumba vabatsiri vezvikwata zvevechidiki vasati vabve zera. Zvekare, chitsama chemabhuku aya chakadomwa pazasi. Zvinofanira kuzivikwanwa kuti chitsama chemabhuku aya chinogona kushanduka kuburikidza nekuwedzera kunoita ruzivo rwunobva mukuita, uye imwe misoro mitsva yemabhuku aya inopamhidzwawo apo madonzvo emagwaro paanenge achiumbika kusvika pamatanho apo paanenge avakukwanisa kupakurwa kuruzhinji.

- Bhuku 1 *Fungisiso pamusoro peHupenyu hweHweya*
- Bhuku 2 *Kusimuka kupa Shandiro*
- Bhuku 3 *Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 1*
 Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 2 (branch course)
 Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 3 (branch course)
 Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 4 (branch course)
- Bhuku 4 *Vatumwa Vaviri Mapatya*
- Bhuku 5 *Kuburitsa Pachena Masimba eVechidiki vasati vabva zera*
 Chido Chekutanga-tanga: Bazi rekutanga kubva pa Bhuku 5
 Kutambanuka kwedenderedzwa: Bazi rechipiri kubva pa Bhuku 5
- Bhuku 6 *Kudzidzisa Rudaviro*
- Bhuku 7 *Kufamba Pamwechete mu Nzira ye Shandiro*
- Bhuku 8 *Chibwumirano cha Bahá'u'lláh*
- Bhuku 9 *Kuwana Nzwisiso kubva muNhorondo*
- Bhuku 10 *Kuumba Misha ine Mutsindo*
- Bhuku 11 *Zvikwanisiro zvapaNyama*
- Bhuku 12 *Magariro eMhuri neNharaunda*
- Bhuku 13 *Kushanda Mumabasa eShanduko yeBudiriro yeMagariro eVanhu*
- Bhuku 14 *Kutora Chinzvimbo muHurukuro dzaTekeshera muNharaunda*

Copyright © 2024 by the Ruhi Foundation, Colombia
All rights reserved. Edition 4.1.2.PE published in January 2024

Originally published in Spanish as *Reflexiones sobre la vida del espíritu*
Copyright © 1987, 1995, 2008, 2020 by the Ruhi Foundation, Colombia
ISBN 978-958-59880-3-3

Permission for a limited printing of this book in Shona has been granted by the Ruhi Institute.

Ruhi Institute
Cali, Colombia
Email: instituto@ruhi.org
Website: www.ruhi.org

Zviri Mukati

Ruzivo Rwushoma kuMubatsiri	v
Kunzwisisa Zvinyorwa zvechiBahá'í	3
Munamato	15
Hupenyu neRufu	31

Ruzivo Rwushoma kuMubatsiri

Huwandu hwemisha umo *Fungisiko pamusoro peHupenyu hweMweya*, rinova bhuku rekutanga mumutevedzanwa wemagwaro anopihwa ne*Ruhi Institute*, ririkunzverwa pasi-rose, hwakaramba huchikura kwemakore mazhinji. Muzviitiko zvakanwanda zvakasiyana-siyana, gwaro iri rinoverengwa uye kukurukurwa nechikwata cheshamwari, avo vanoumba *study circle*, apo vachisangana nguva-nenguva, vanogona kuungana pamwechete nechinangwa chakagadzirirwa kudzidza zvine mutsindo, kana kuti vanogona kuungana mumusangano pazororo rezvikoro. Ingava nguva ipi zvayo, imwe nhengo yechikwata inogona kumira semubatsiri. Hukama huri pakati *patutor* (mubatsiri) nevamwe vadzidzi hausi uhwo hwemudzidzisi nevadzidzi; vose vanopinda vachinyatsoziva kuti muchirongwa ichi munhu wese anenge achitsvaga kudzidza. Asi mubatsiri haasingori munhu anozvisiyanisa uye kungofambisa hurukuro chete. Mushure mekupedza magwaro akakwana mumutevedzanwa uye aita mabasa eshandiro aanokurudzira, anenge avakukwanisa kubatsira nhengo dzese dzechikwata mukunzwisisa chinangwa chegwaro rinenge richizverwa. Avo vanoshanda sevabatsiri veBhuku 1 vanoona zvichibatsira kuongorora mazano anenge ataurwa munhanganyaya nguva-nenguva.

Vadzidzi pasi rose vanopinda mugwaro iri rekutanga reinstitute vachibva kumagariro akasiyana-siyana. Vamwe vacho vanenge vagara vari nhengo dzemusha wechiBahá'í avo vane tarisiro yekusimudzira kwanisiro yavo yekushandira Rudaviro rwavakagamuchira. Vamwe vanoona gwaro iri setsvakurudzo yavo yekutanga yeChitendero cheBahá'í. Zvakadaro vamwe vanokwezvwa nezvidzidziso zvechiBahá'í vova neshuviro yekuva neruzivo rwezvinangwa nemabasa emusha weBahá'í, vanotora gwaro iri sedanho rekutanga.

Kubvira pakutanga, zvinofanira kuva zvakanjeka kumudzidzi wese kuti zvidzidzo zve*Ruhi Institute* zvinotevedzera nzira yekupa shandiro kuvanhu, iyo tese tinofamba zvichienderana nekwanisiro yedu, kubatsira nekubatsirwa nevamwe. Kufamba nzira iyi zvinoreva kutevera nechinangwa chinobata paviri: kushandira kukura kwemweya nepfungwa dzedu uye kubatsiridza pakushandura hunhu hwevanhu. Kubudiriro munzira iyi zvinoreva kukura kwekwanisiro dzakasiyana-siyana izvo zvinoda nzwisiso uye ruzivo, hunhu hwepamweya uye maitiro anorumbidzwa, uye kuva nekwanisiro uye hunyanzvi. Chitubu kunobva ruzivo urwo mabhuku e*Institute* anotora, kune rimwe divi, zvidzidziso zveChitendero cheBahá'í, uye kune rimwe divi, kubva kuruzivo rwunoramba rwuchiwanda kubva kushandiro yemhuri yeBahá'í mukufambisira mberi budiriro yepasi-rose zvose panyama nepamweya. Itarisiro yaBahá'u'lláh yemunhu watingazove uye budiriro yatingavaka zvinokurudzira mabasa e*Institute*. Zvinotarisirwa kuti vadzidzi vose, zvisineyi nekwavanobva, vakasununguka kutambira chinangwa ichi, icho chakanjeka muzvitsauko zvese zvebhuku rega-rega.

Munyika umo mune vezvitendero nevane pfungwa dzakasiyana-siyana vasingazezi chero kushandisa nzira dzinokwanisa kuti vawane vateveri vakawanda, mumwe munhu asina ruzivo nezveRudaviro anogona kuda kubvunza chokwadi maringe nezve *Ruhi Institute*, yakaita sekuti, “Ndiri kunzi ndisiye chitendero changu here?” Mibvunzo yakaita seiyooyo inopa mubatsiri mukana wekutsanangura chinangwa chemutevedzanwa wemagwaro sekutaurwa kwazvaitwa pamusoro. Kunyangwe zvazvo chiri chinhu chinotarisirwa kuti maBahá'í vanofarira chaizvo kuti Shamwari dzipinde mumusha weBahá'í, mubatsiri anogona kututsira kutsanangura kuti zvidzidziso zvavo zvinovarambidza kuti vave vanomanikidzira vanhu kutendeukira kuchitendero. Kufamba nzira yeshandiro yakaunzwa nezvidzidzo zve*institute* inoda kuti parambe paine kuzvidzamisa nguva dzose mukunzwisisa zvidzidziso zvaBahá'u'lláh

izvo magwaro aya anokurudzira zviri pachena; kutenda uye kutambira zvinhu zvinofanirwa kufungisiswa nezvazvo nemunhu ega-ega pachake akasununguka uye zvisina kumanikidzwa.

Naizvozvo, hazvishamisi, kuti nechikonzero chekuda kuwana nzwisiso, chinova nhongonya yemabhuku ari muhurongwa hwe *Institute*, bhuku rino rekutanga rinotangawo nenyaya iyi. Kuverenga ndima kubva muZvinyorwa Zvinoera hazvina kufanana nekuverenga zviuru nezviuru zvemapeji izvo munhu anosangana nazvo mukati mehupenyu hwake hwese, uye chikamu, “Kunzwisisa Zvinyorwa zvechiBahá’í”, chinokurudzira tsika yekuverenga zvidimbu kubva muZvinyorwa Zvinoera mazuva ese uye nekufungisisa pamusoro pezvazvinoreva, tsika iyo ichabatsiridza zvikuru pavachafamba nzira yeshandiro. Kuti vatungamirwe mudzidzo yavo, mubatsiri anofanirwa kufungisisa zvikuru maringe nezvedzonzvo renzwisiso.

Zvinyorwa zvechiBahá’í zvatakakura chokwadi chakadzama pamusoro pezvemweya, uye kana dai tikaedza kuenderera mberi nekunzwisisa dudziro yazvo isingaperi, tinoziva kuti hatizombofi takasvika pamhedzisiro chaiyo. Tinowananzwisa nzwisiso yepasi inova dudziro yekutanga yendima patinodziverenga kekutanga, uye Chikamu 1 chechitsauko chinotora izvi sedanho rekutanga. Nekudaro, vapedza kuverenga chinyorwa, “Kukenane kwenyika kunowanikwa kuburikidza nezviito zvachena uye zvakanaka, kubudikidza nemaitiro anorumbidzwa ane tsika dzakanaka”, vadzidzi vanongobvunzwa kuti, “Ko kukenane kwenyika kunowanikwa sei?” Uchingotarisa, zviito zvakanaka zvakanaka zvinoita kunge zviri nyore. Asi ruzivo rwunobva mushandiro yemakore rwunoratidza kuti, mukutsvaga chokwadi chakadzika-dzika mundima, pfungwa dzinofanirwa kusasiya dudziro iyo yagara ingori pachena. Kutarisisa padanho rekutanga renzwisiso kwakakoshawo pakuitwa kwehurukuro sechikwata, kunosimbaradza kuwirirana kwepfungwa, uko kunowanikwa zviri nyore kana pfungwa dzemunhu dzikawana mukana wekujekeswa nehungwaru Hutsvene.

Zvakakosha kuziva kuti kunzwisisa dudziro dzendima zhinji hazviwanikwi kubva panhaurirano yakareba pakati pemazwi akamira ega-ega akasiyaniswa nezviri kuverengwa. Zvakadaro hazvo, zvinogona kuva zvakanakodzera, pane dzimwe nguva, kuchikwata kuti dzitsvage rimwe izwi muduramazwi. Chingave chinopa pundutso, zvisinei, ndechekuti vadzidzi vadzidze kuburitsa dudziro dzemazwi kubva mumitsara uye ndima dzakazara.

Kuti nzwisiso ivandudzike kudarika dudziro inowanikwa pakutanga, mienzaniso inotaridza pfungwa dzinowana fananidzo muzvinhu zvinobatika inogona kubatsira. Chinodiwa mukuita uku zviito zvinoda mhinduro dzisingatendereri. MuChikamu 2, semuenzaniso, vadzidzi vanokumbirwa kutarisa ndima yavanenge vabva kuverenga, kuti dzimwe tsika dzinorumbidzwa here. Mubasa rakada kufanana neiri riri muChikamu 4, vanokurudzirwa kudoma tsika shanu uye vosarudza kuti zvingakwanisike here kuti dziwanikwe pasina chokwadi—icho chakatsanangurwa muZvinyorwa se “hwaro hwehunhu hwese”.

Kuti muwane chinangwa chacho, chitsauko chinotoda kuti pave nekuenderera mberi padanho renzwisiso kuburikidza nekupa janha kuvadzidzi rekufunga pamusoro pezvinyonyatsodihwa. Muchikamu 2, vanodiwa kuti vasarudze kuti chirevo chekuti “Mune vanhu vakanaka vashoma munyika zvekuti zviito zvavo hazvina zvazvinogona kushandura” ndechekwadi here. Apa chinangwa hachisi chekungotsvaga mafungiro nje. Mubatsiri anofanira kumbomira obvunza chikonzero chemhinduro yevadzidzi. Kuti mutsara uyu unofanira kuva manyepo nekuti unopesana nechinyorwa chekutanga chechikamu chadarika ndizvo zvinofanirwa kuva mhinduro inotambirwa nechikwata pekupedzisira. Mubvunzo wekuti maBahá’í anofanirwa kureurura zvitadzo zvavo kuneumwe munhu ndeumwe muenzaniso wechiito chemhando iyi. Unonangana nezvinorambidzwa nedzidziso inoti kureurura kusatorwe senzira yekubvisa matadzo, izvo, zvisina kumbotaurwa pachena mundima dzose dzanzverwa,

zvinokwanisa kuburitswa pachena kuburikidza nekutsanangura chinyorwa chinoti, “Zvibvunze mabasa ako ezuva rega-rega usati wadaidzwa kuti utsanangudze.”

Hapana imwe nzira muchitsauko inoedza kubata dudziro dzendima dzose dziri kunzverwa, Mubvunzo umwechete uyo mubatsiri anofanirwa kufunga nezvawo ndewekuti chiitiko chega-chega chinofanirwa kutora nhaurirano yakareba sei. Apa zvakakosha kuziva kuti kurebesa nhaurirano zvichibva pakuunza pfungwa mbiri dzinoda kuenderana asi dzisiri pedyo nezviri kukurukurwa zvinotadzisa kuenderera mberi kweBhuku. Chikwata chega-chega chinofanirwa kudzika gwara rekufambira mberi rine hudzamu; vadzidzi vanofanirwa kunzwa kuti vari kufambira mberi zvakadzikama zvichienderana nekwanisiro yavo. Zvisinei, mubatsiri anofanirwa, kugara akateerera, kuti zvikamu hazvisi kungopfuurwa nekukasika zvisina udzamu uye pasina fungisiso neongororo yakadzama pazviitiko; zvikwata zvakaenderera mberi nenzira iyi, vachingodzimikira mhinduro, hazvina kumbowana pundutso inoenderera mberi.

Pfungwa imwechete yekupedzisira inoda kutaurwa nezvayo: Zviri mumaoko emubatsiri kuti ave nechokwadi chekuti nhengo yega-yega yechikwata inoramba yakasimbarara muchirongwa chedzidzo chinokurudzirwa nemagwaro. Kukurudzira kudzidza pasina kumanikidzira mumwechete wavo kutaura ndiro rinova dambudziko nguva zhinji. “Izvi zvinorevei kwauri?” Mibvunzo yemhando iyi inodzikisira ruzivo uye chokwadi kusvika padanho remafungiro evanhu. Uye inoratidza kuoma kwekuumba mamiriro ayo nhaurirano pakati penhengo dzechikwata inosimukira kunzwisiro yakawedzerwa.

Chitsauko chechipiri chebhuku rino chakanangana, sepekutanga, netsika yakakosha pahupenyu hwepamweya: kunamata nguva dzose. Chinoburitsa pachena muchikamu chekutanga pfungwa ye “nzira yeshandiro”, chichitaura kuti, kufamba nzira iyi, tinofanirwa kunge takazadzwa nechinangwa chinobata paviri. Vadzidzi vanoongorora chikwata chekutanga chezvinyorwa zvinopa nzwisiro yakadzama pamamiriro echinangwa ichi, dingindira iro rinozotsanangurwa mumagwaro anotevera.

Maringe nedingindira iri, chitsauko chinoisa tsananguro yacho pakukosha kweminamoto. Chinotora nzira yakafanana neyakataurwa mundima dzapfuura. Mibvunzo nezviito zvinogadzirirwa kuvandudza nzwisiro yedudziro dzendima dzinobva muzvinyorwa dzinenge dzanzverwa. Apo chikwata chinenge chichifambira mberi nechitsauko, mubatsiri anokurudzirwa kubvisa kusagutsikana kuburikidza nekuongorora pfungwa dzakabatirira zvakasimba mutsanangudzo uye zviito zvekumashure. Mune dzimwe tsika, chivanhu uye zvinotevedzwa zviri kuvharidzira zvishoma nezvishoma kukosha kwechimiro chemukati, uye vazhinji havazivi kukosha kweminamoto, uyo, kumweya wemunhu, wakakosha zvakafanana nechikafu pakuraramisa mweya wemunhu.

Nekudaro, pamusoro pezvose, chitsauko ichi chinovavarira kumutsiridza muvadzidzi chido cheku “taura naMwari” uye kuswera pedyo Naye. Pakati pepfungwa dzataurwa ndizvo zvazvinoreva kupinda mumamiriro emunamato, mamiriro emwoyo nepfungwa dzedu patinoita izvi, uye mamiriro anofanirwa kuumbwa mune zvakatikomberedza, tingava tiritega kana kuti tirimumusangano. Zvirokwazvo, mushure mekupa dzimwe pfungwa kumasimba anomutsiridzwa kuburikidza nekunamata pamwechete, vadzidzi vanobvunzwa kuti vafungisise pamusoro pekutanga gungano rekunamata nekushumira.

Kunzvera zvidzidzo zvechitsauko chechitatu, “Hupenyu neRufu”, kunosimbaradza, sekutarisirwa kwazvinoitwa, kuzvipira kufamba nzira yeshandiro uye kuizadza nedudziro yakadzama. Shandiro munyika ino inokwanisa kunzwisika zvakananyanya kana ikasunganidzwa nehupenyu, uhwo hunovapo pahupepo hwedu pasi pano huchienderera mberi nekusingaperi apo mweya yedu inofambira mberi munyika dzose dzaMwari. Muchirongwa

chedzidzo, sekusiyana kwazvakaita nekudzidzira kwehunyanzvi hwezvemabasa emaoko, vadzidzi vanofanirwa kuva neruzivo rwakawedzera padudziro yekukosha kwezvavanenge vachiita. Kana kuziva uku kukakura, rwuzivo rwunobva mukuita rwunoratidza kuti, vanosvika pakuzviona vachishanda, vari varidzi vane kodzero pakudzidza kwavo.

Chikamu chimwe-nechimwe chinotanga nezvinyorwa chimwechete kusvika pazvitatu zvinobva muZvinyorwa zvechiBahá'í, zvichitevererwa nezviito zvishoma. Mutauro wendima dzakanyorwa muchitsauko chino wakatiomei kudarika miviri yadarika, Nekudaro, Hapana chikonzero, chekuti chikwata chisimbirire pamazwi akaoma; mubatsiri angangoda kuva nechokwadi chekuti umwe-neumwe anzwisisa pfungwa iri panhongonya yataurwa muchikamu chega-chega, zvinova zviri kuedza kuburitswa nezviito zvirimo.

Takatarisa hudzamu hwedonzvo racho, mune zviito zvishoma zvinosanganisira mienzaniso yakaoma uye zviri kure nakure. Zvizhinji zvinoshanda pachinhanho chepfungwa. Chinofanirwa kuzivikanwa ndechekuti mibvunzo inobvunzwa nezviito haikwanisi kupindurwa nekukasira kana kuti nenzira imwechete. Yakaunzwa kuti isimudzire ruzivo pamusoro penyaya iri kutaurwa; kana vadzidzi vachifunga nezvemibvunzo yakadaro, chinangwa chekudzidza chinenge chazadziwa.

Zvikamu zvizhinji zvekutanga zvakanangana nehukama huri pakati pemweya nemutumbi, izvo, pamwechete, zvinoumba munhu munyika ino yehuvepo. Pfungwa iri panhongonya pezvikanwa izvi ndeyekuti mweya hausi chinhu chinobatika kana kuoneka; hukama hwawo nemuviri hunokwanisa kufananidzirwa nechiedza chinoonekwa muchiringiro. Tsvina inenge yakachivhavidzira kana kuti kuputsika kwachinenge chakaita kunokwanisa kukanganisa kubwinya kwechiedza chacho. Kufa kushanduka chete kwemamiriro, apo hukama hwemweya nemutumbi hunenge hwaguma, mushure mazvo, mweya unofambira mberi nekusingaperi wakananga kuMusiki wawo.

Chitsauko chinotendeukira kumubvunzo wechinangwa chehupenyu—kuziva Mwari nekusvika kuuvepo Hwake. Nhaurirano apa inonangana nemadingindira maviri akatambanuka. Rekutanga ndere chinangwa chehupenyu hwedu munyika ino, uye rechipiri rwendo rwemweya mushure merufu. Mweya chiratidzo chaMwari uye unokwanisa kuratidza mazita netsika Dzake dzose. Asi kwanisiro iri mumunhu yakavanzika; inokwanisa chete kubatsirwa neVatumwa vaMwari, avo Vanhu vatsvene Vanouya nguva nenguva kuzotungamirira rudzi rwemunhu. Kuburikidza nedzidziso yepamweya yaVanopa, hupfumi hwakavanzika mukati medu hunokwanisa kuburitswa pachena,

Maringe nerwendo rwemweya mushure merufu, mudungwe wemazano unopihwa kuti vadzidzi vafunge nezvawo: avo vakatendeka kuna Mwari vachasvika kumufaro wechokwadi; kuti hapana kana umwe wedu anokwanisa kuziva magumo ake, uye, nekudaro, tinofanirwa kuregererana uye uye tisafunge kuti tiri pamusoro kudarika vamwe; kuitira kuti munyika inotevera, semuenzaniso wakadai, mweya unoenderera mberi uye kwanisiro dzepamweya dzatakaumba pano dzichatibatsira ikoko; kuitira kuti tigoziva vadikanwi vedu munyika inotevera, ticharangarira hupenyu hwedu hwemunyika ino, uye tichashamwaridzana nemweya itsvene uye yakacheneswa.

Chitsauko ichi chinovharwa nendima inobva muZvinyorwa zvaBahá'u'lláh umo matinovimbiswa nezvezvikomborero zvenyika inotevera uye tinokurudzirwa kuti tisabvumira kushanduka uye mikana yepasi pano kuti iunze kusuwa kwatiri. Vadzidzi vanokumbirwa kuti vafungisise, naizvozvo, kuti zvavadzidza zvinorevei muhupenyu hwavo.



Kunzwisisa Zvinyorwa zvechiBahá'í

Chinangwa

Kusimbaradza tsika yekunzvera ndima
dzinobva muZvinyorwa Zvinoera
mazuva ose uye kufungisisa pamusoro
pezvazvinoreva

CHIKAMU 1

Chinangwa chechitsauko chino ndechekubatsira iwe mukuumba uye kusimbaradza tsika yekunzvera ndima kubva muZvinyorwa Zvitsvene mazuva ose uye kufungusisa pamusoro pezvazvinoreva. Chitsauko chino chinotanga nechiiro chiri nyore chekuti muverenge mutsara umwechete wechirevo kubva muZvinyorwa uye mopindura mubvunzo, mhinduro yacho ndiyo inova chirevo chacho pachacho. Kunyangwe zviri nyore kuzviita, chiito chacho chinokubatsirai kuti mufungisise dudziro dzezvirevo zvakapihwa uye kuti muzvibate nemusoro.

“Kuve nani kwenyika kunowanikwa kubudikidza nezviito zvakachena uye zvakanaka, kubudikidza nemaitiro anoyemurika uye anorumbidzwa.”¹

1. Kuve nani kwenyika kungawanikwa sei? _____

“Chenjerai nhai vanhu vaBahá, kuti musafambe munzira dzeavo vane mazwi anosiyana nezviito zvavo”²

2. Hatifanirwi kufamba munzira dzaani? _____

“Nhai Mwanakomana weHunhu! Zvibvunze mabasa ako ezuva roga-roga usati wadaidzwa kuti utsanangudze. . .”³

3. Chii chatinofanirwa kuita tisati tadaidzwa kuti titsanangudze? _____

“Itii: Nhai hama dzangu, itai kuti zviito, kwete mazwi, zvive zvishongo zvenyu”⁴

4. Zvii zvinofanirwa kuva zvishongo zvedu zvechowadi? _____

“Mashoko matsvene nezviito zvakachena uye zvakanaka zvinokwira kudenga rekubwinya kwembiri inoera.”⁵

5. Mashoko matsvene nezviito zvakachena uye zvakanaka zvinoita sei? _____

CHIKAMU 2

Pazasi pane zviito zvinoenderana nezvinyorwa zvamuchangobva kuverenga. Zvakangana nekubatsira imi nechikwata chenyu kufungisisa zvakadzama maringe nekukosha kwezvinyorwa zvacho uye hazvifanirwi kungoitwa zinyeke-nyeke. Izvi hazvirevi kuti chiito chega-chega chinoda hurukuru yakanyanyisa. Zvisinei, kana chiito chacho chakaoma, mubatsiri wechikwata chenyu anokubatsirai kuchitsanangura zvakadzama.

1. Kana chinhu chichinzi “chinoyemurika”, chinokodzera kurumbidzwa. Ndezvipi pane zvinotevera zvinoyemurika?

☐ Kuve mushandi akanaka
☐ Kuremekedza vamwe
☐ Kuva munhu anongoita zvekunzvera magwaro zvakanyanyisa
☐ Kuva mutauri wemanyepo
☐ Kuva nenungo
☐ Kupa shandiro kune vamwe

2. Chirevo chekuti “usati wadaidzwa kuti utsanangudze” chinorevei? _____

3. Pazvirevo zvinotevera, ndezvipi zvechokwadi?

☐ Vanhu vanoita zvakana munyika vashoma zvekuti zviito zvavo hazvina zvazvinogona kushandura.
☐ Chinhu chinova chakanaka kana chichibvumirana nemafungiro evamwe vanhu.
☐ Chinhu chinova chakanaka kana chichibvumirana nedzidziso dzaMwari

4. Ndezvipi pane zvinotevera zvinova zviito zvakachena uye zvitsvene?

☐ Kuchengetedza uye kudzidzisa vana
☐ Kuba
☐ Kunamatira budiro yevamwe
☐ Kutaura kanyepo kadiki kuti upukunyuke kubva pamhosva
☐ Kubatsira vamwe uine tarisiro yekuwana mubairo

5. Mumamiriro api pane anotevera umo mazwi emunhu anosiyana nezviito zvake?

☐ Umwe munhu anoramba achidzokorodza kuti tinofanirwa kubatana tose asi oita zvinhu zvinokonzero makakatanwa.
☐ Umwe munhu anorumbidza kukosha kwehupenyu hwakachena asi achidanana nevamwe vaasiri muwanano navo.
☐ Umwe munhu anomwa hwahwa pane dzimwe nguva, asi achipika kutevera Chitendero chisingabvumiri kumwa hwahwa.

_____ Umwe munhu anokurudzira kuenzana kwevanhurume nevanhukadzi asi, semushandirwi, anopa vanhukadzi muripo mushoma pane wevanhurume pabasa rakafanana.

6. Zvinobvumirwa here kuti muBahá'í areurure kune umwe munhu? _____
7. Chii chaanofanirwa kuita pachinzvimbo chekureura? _____

8. Chirevo chekuti “denga rekubwinya kwembiri inoera” chinorevei? _____

9. Chii chinokonzerwa nezviito zvakaipa munyika? _____

10. Zvii zvinokonzerwa nezviito zvakaipa kune vanozviita? _____

CHIKAMU 3

Ikozvino verengai uye mofungisisa pamusoro pezvidimbu zvinobva muZvinyorwa. Mobva waedza kuzvibata nemusoro.

“Chokwadi ndihwo hwaro hwehunhu hwese”⁶

1. Chii chinova hwaro hwehunhu hwese? _____

“Pasina chokwadi budiriro nekukunda, munyika dzose dzaMwari, hazvikwanisiki kunyangwe kumweya upi zvawo”⁷

2. Chii chisingakwanisiki kana pasina chokwadi? _____

“Natsai ndimi dzenyu, nhai vanhu, nechokwadi, uye moshongedza mweya yenyu nechishongo chekuvimbika.”⁸

3. Tinofanirwa kushongedza ndimi dzedu nechii? _____

4. Tinofanirwa kushongedza mweya yedu nechii? _____

“Ziso rako ngarive dzvene, ruoko rwako rwakatendeka, rurimi rwako rwova nechokwadi uye mwoyo wako wova wakajeka.”

5. Ziso redu rinofanirwa kuva rakaita sei? _____ Ruoko rwedu? _____
_____ Rurimi rwedu? _____ Mwoyo wedu? _____

“Avo vanogara mutemberi yaMwari, uye vakagadzikwa pazvigaro zvembiri isina magumo, vacharamba, kunyangwe vavakuda kufa nenzara, kutambanudza maoko avo uye vatora zvisina mvumo pfuma yemuvakidzani wavo, zvisinei nekuti akaipa kana kuti mupfumi zvakadii”¹⁰

6. Chii chatinofanirwa kuramba kuita kunyangwe tavakuda kufa nenzara? _____

CHIKAMU 4

Sezvamunogona kunge macherechedza muChikamu 2, zvimwe zviito zviriviri muchitsauko chino zvinotoda mhinduro dzakakodzera. Muzviitiko zvakadaro, kana paine kusagutsikana nemhinduro, mubatsiri wechikwata chenyu anokwanisa kukubatsirai uye nevamwe vamuri kudzidza navo mosvika pakuva nesungano imwechete pamafungiro. Pane zvimwe zviito, inhaurirano pachayo yakakosha, uye hapana kana mhinduro imwechete inotarisirwa. Mune zvinotevera, chiito chechitatu ndechemhando yekutanga, apo chiito chechitanhatu chinopindawo mune chimwe chikamu.

1. Chokwadi ndihwo hwaro hwehunhu hwese. Doma tsika shanu: _____

2. Tingakwanisa here kuwana tsika idzi pasina kuve nechokwadi? _____
3. Ndezvipi zvirevo zvechokwadi pane zvinotevera?
- _____ Munhu anokwanisa kutonga zvakaenzana kunyangwe achitaura manyepo.
- _____ Munhu anoba ane ruoko rwakatendeka.
- _____ Ruoko rwakatendeka harubviri rwabata zvisiri zvarwo
- _____ Kutarisa pamabhuku ane mifananidzo yevanhu vakashama zvinopesana nerayiro yaBahá'u'lláh' yekuva neziso dzvene.
- _____ Kuva nechokwadi zvinoreva kusanyeba.
- _____ Kuvimbika chishongo chemweya.
- _____ Munhu asina chokwadi anokwanisa kuwana budiriro yepamweya.

- _____ Zvakana kutaura manyepo pano neapo.
- _____ Kuba kunotenderwa pamberi paMwari kana munhu ane nzara.
- _____ Kutora chinhu zvisina mvumo kubva kumuridzi wacho, tichifunga kuti tichazochidzoserwa mushure mechinguva, hakusi kuba.
- _____ Kana tikaita zvinhu takavimbika uye tova neruenzaniso nechokwadi, mwoyo yedu inovhenkerwa.
- _____ Hazvikwanisiki kuita kuti bhizimusi ribudirire pasina kumboita hutsotsi.
4. Zvinokwanisika here kuti munhu azvinyepere? _____
5. Tinorasikirwa nei kana tikataura manyepo? _____
6. Nyika yaizova yakaita sei dai tose takavimbika uye tichitaura chokwadi? _____
- _____
- _____
- _____

CHIKAMU 5

Verengai zvinyorwa zvinotevera uye modzidzira kuzvibata nemwoyo. Kuchengeta mumwoyo ndima dzinobva muZvinyorwa kunobatsira zvikuru, uye munofanirwa kuedza nepese pamunogona napo kuita izvi. Zvakadaro, haasi munhu wese anokwanisa kubata ndima nemusoro zvirori nyore. Nokudaro, kuedza kwedu kubata zvinyorwa nemusoro kunotibatsira kuchengeta mazano akanaka mumwoyo nemupfungwa dzedu uye tozama nepese patinogona napo kumataura tichishandisa mashoko anoenderana nezvazviri muzvinyorwa.

“Rurimi rwunyorwa idombo rinokwezva mwoyo yevanhu. Chingwa chemweya, rwunoshambidza mazwi nedudziro, chitubu chechiedza chehuchenjeri nenzwisiso”¹¹

1. Rurimi rwunyorwa rwunokwanisa kutsanangudzwa sei? _____
- _____
- _____
- _____
2. Rurimi rwunyorwa rwune simba rakadii pamazwi? _____
- _____

“Nhaisi imi vadikamwi vaMwari! MuNguva ino inoera, kupokana nekusawirirana hazvitombobvumidzwe. Aninani anotyora rairo iyi achazvinyimisa nyashadzaMwari”¹²

3. Maringe nechinyorwa chiri pamusoro, chii chisingabvumidzwe muNguva ino? _____

4. Uyo anorega kutevedza rairo anokonzera chii kwaari pachake? _____

“Muzuva ranhasi, hapana kana chii zvacho chinokwanisa, kukanganisa zvikuru Rudaviro rwuno chinokunda bopoto nehondo, kukakavara, kusawirirana uye rusarura, pakati pevadikanwi vaMwari.”¹³

5. Ndeapi mamiriro ezvinhu anokanganisa zvikuru Rudaviro rwuno rwaMwari? _____

“Musagutsikana nekuratidza hushanwari nemazwi chete, mwoyo yenyu ngaibvire nerudo rwune mutsa kune vose vamunosangana navo dzenyu.”¹⁴

6. Ndeipi mhando yehushamwari husingafanirwi kutifadza? _____

7. Chii chinofanirwa kubvira zvakajeka mumwoyo yedu? _____

“Kana pfungwa yehondo ikauya, ipikise nepfungwa yakasimba yerunyararo. Pfungwa yeruvengo inofanirwa kuparadzwa nepfungwa ine simba yerudo.”¹⁵

8. Pfungwa yehondo inofanirwa kupikiswa nei? _____

9. Pfungwa yeruvengo inofanirwa kuparadzwa nei? _____

CHIKAMU 6

Muchishandisa zvinyorwa zviri pamusoro, itai chiito chinotevera:

1. “Dombo rinokwezva” nderimwe izwi rinoreva magineti. Rurimi rwune mutsa rwunoita sedombo rinokwezva nenzira ipi? _____

2. Ndezvipi pane zvirevo zvinotevera zvinotaurwa nerurimi rwune mutsa?
_____ “Usandinetse!”

- ___ “Sei usinganzwisisi izvi?”
- ___ “Ndapota, ungakwanisa here kumirira?”
- ___ “Vana ava vanonetsa!”
- ___ “Waita hako, une mwoyo murefu.”
- ___ “Handina kana nguva newe ikozvino. ndakabatikana.”
3. Pane zvinotevera ndeapi mamiriro ane kupokana nekusawirirana?
- ___ Vanhu vaviri vanopa maonero akasiyana munguva yenhaurirano.
- ___ Vanhu vaviri vanotsanwisana uye vokakavadzana munguva yenhaurirano.
- ___ Vanhu vaviri vanomira kuuya kuminamoto yepasvondo nekuda kwekuti havasi kutaudzana zvakanaka.
- ___ Nhengo dzechikwata dziri kubatsirana pabasa reshandiro dzinoramba dzichinyunyuta, umwe neumwe achiti vamwe havasi kuita basa.
4. Pamamiriro anotevera ndeapi anoratidza zviratidzo zvekusawirirana?
- ___ Shamwari mbiri dzinosangana munzira asi havataudzani.
- ___ Umwe munhu anosvika pagungano remunamato, uye munhu wese anomuchingamidza zvinyoronyoro.
- ___ Kunyangwe zvavo vachiremekedzana, dzimwe nhengo mbiri hadzina kusununguka kushanda dziri pamwechete.
5. Sarudza kuti zvirevo zvinotevera ndezvechokadi here:
- ___ Munhu anofanirwa kutaura zvaanofunga pamusoro pevamwe; zvisinei nekuti zvichatsamwisa mwoyo yavo here kana kuti kwete.
- ___ Zvakanaka kutaura manyepo kuitira kudzivirira kupokana.
- ___ Kupokana kunokwanisa kupedzwa nerudo uye nemwoyo munyoro.
- ___ Mashoko anesimba rakanyanya kana akataurwa nerudo.
- ___ Zvakanaka kurwa neumwe kana ari iye atanga.
- ___ Munhu ane kodzero yekutaura nehasha kune vamwe kana achirwara kana kuti achinge akatsamwa.
- ___ Hazvina kunaka kuseka vamwe kana vachinge vakanganisa.
- ___ Kana manzwiro akashata akavepo pakati peshamwari, umwe neumwe wavo anofanirwa kuedza nepose paanogona napo kuswera pedyo neumwe.
- ___ Kana manzwiro akashata akashata akavepo pakati peshamwari, umwe neumwe anofanirwa kumirira kusvika umwe aedza kuswera pedyo naye.

CHIKAMU 7

Verengai zvinyorwa zviri pazasi moedza kuzvibata nemusoro.

“... makuhwa anodzima chiedza chemwoyo, uye anodzima hupenyu hwemweya.”¹⁶
“Usataure matadzo evamwe sezvo iwe uri mutadziwo.”¹⁷

“Usataure zvakaipa, kuitira kuti usazonzwa zvichitaurwa pamusoro pako, uye usakudze matadzo evamwe kuitira kuti ako asazoonekwawo semakuru. . .”¹⁸

“Nhai Mwanakomana weHunhu! Unokanganwa sei matadzo ako uchiita bishi nematadzo evamwe?”¹⁹

1. Makuhwa anokonzerei kune uyo anomaita? _____

2. Chii chatinofanirwa kufunga tisati tataura matadzo evamwe? _____

3. Chii chinoitika kwatiri kana tikakudziridza matadzo evamwe? _____

4. Chii chatinofanirwa kurangarira kana tikafunga zveematadzo evamwe? _____

CHIKAMU 8

Machishandisa zvinyorwa zviri pamusoro, itai zviito zvinotevera:

1. Chii chinoitika pabudiriro yemweya wemunhu uyo unotarisisa pamatadzo evamwe? _

2. Kunyeya kunokonzerei munharaunda? _____

3. Chii chaungaita kana umwe munhu akatanga kutaura zveematadzo emumwe munhu? _

4. Sarudza kuti zvinotevera ndezvechokwadi here:
____ Kana tikataura matadzo emunhu echokwadi, tinenge tisinganyeyi.
____ Kana tichitaura pamusoro petsika dzemunhu dzinorumbidzwa uye zvaanokanganisa panguva imwechete, tinenge tisinganyeyi.

- _____Kunyeya chava chiitiko chakurumbira munharaunda medu, uye tinofanirwa kuvandudza hunhu hwedu kuti tichidzivirire.
- _____Kana muteereri akavimbisa kusadzokorodza zvatininge tataura pamusoro peumwe munhu, hapana chakashata mukunyeya.
- _____Makuhwa ndiyo mhandu huru yekubatana.
- _____Kana tine tsika yekutaura pamusoro pevamwe vanhu nguva dzese, zviri nyore kuwira mutsika yemakuhwa.
- _____Kana kwanisiro dzevanhu vakasiyana dzikakurukurwa mumusangano weDare Dzvene reMusha kuitira kusarudza nhengo dzeboka, kunyeya.
- _____Kana tikanzwa tavakuda kuita makuhwa, tinofanirwa kurangarira matadzo edu.
- _____Kana tikaziva kuti munhu arikuita zvinhu zvinokuvadza Chitendero, tinofanirwa kuzvikurukura nenhengo dzemunharaunda.
- _____Kana tikaziva kuti munhu arikuita zvinhu zvinokuvadza Chitendero, tinofanirwa kuzivisa Dare Dzvene reMusha chete.
- _____Hazvina kushata kuti vanhu vakaroorana vataure matadzo evamwe sezvo vasingafanirwi kuvanzirana pazvinhu zvose.

CHIKAMU 9

Chinangwa chechitsauko chino, sezvakataurwa pakutanga, ndechekubatsira vadzidzi mukuedza kwavo kuvandudza nekusimbaradza tsika yekunzvera zuva nezuva ndima dzinobva muZvinyorwa Zvitsvene uye kufungisisa pamusoro pezvadinoreva. Kuverenga shoko raMwari mangwanani nemanheru ega-ega idzidziso yaBahá'u'lláh yakanangana nekuvandudzwa kwemweya yedu. Ndima inotevera inotirangaridza nezvemakomborero atinowana kubva mukuzadzikisa janha iri, uye munokurudzirwa kuchibata nemusoro:

“Zvinyikei mugungwa remashoko Angu, kuitira kuti mungangoburitsa pachena zvakavanzika zvaro, uye mowana ndarama dzakakosha dzepasi paro dzhuchenjeri dzakavanzika pazasi paro”²⁰

Muchinge mapedza chitsauko chino, mungangoshuwira kuwana bhuku reZvinyorwa zvaBahá'u'lláh uye moverenga kubva mariri mazuva ose. Manzwi Akavanzika ndiyo sarudzo yakanaka yekutanga.

REFERENCES

1. Bahá'u'lláh, cited by Shoghi Effendi, *The Advent of Divine Justice* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2006, 2018 printing), par. 39, pp. 36–37.
2. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1983, 2017 printing), CXXXIX, par. 8, p. 345.
3. Bahá'u'lláh, *The Hidden Words* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2003, 2012 printing), Arabic no. 31, p. 11.
4. Ibid., Persian no. 5, p. 24.
5. Ibid., Persian no. 69, p. 46.
6. 'Abdu'l-Bahá, cited by Shoghi Effendi, *The Advent of Divine Justice*, par. 40, p. 39.
7. Ibid.
8. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXXVI, par. 6, p. 336.
9. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1988, 2005 printing), no. 9.5, p. 138.
10. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXXVII, par. 3, p. 338.
11. Ibid., CXXXII, par. 5, p. 327.
12. *Will and Testament of 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1944, 2013 printing), p. 26.
13. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, V, par. 5, p. 8.
14. From a talk given on 16 and 17 October 1911, published in *Paris Talks: Addresses Given by 'Abdu'l-Bahá in 1911* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2006, 2016 printing), no. 1.7, p. 6.
15. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 21 October 1911, *ibid.*, no. 6.7, p. 22.
16. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXV, par. 3, p. 300.
17. *The Hidden Words*, Arabic no. 27, p. 10.
18. Ibid., Persian no. 44, p. 37.
19. Ibid., Arabic no. 26, p. 10.
20. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, LXX, par. 2, p. 154.



Munamato

Chinangwa

Kufungisisa pamusoro pekukosha
kwamunamato uye kusimaradza tsika
yekunamata nguva dzose

CHIKAMU 1

Magwaro eRuhi Institute akanangana nekubatsira vadzidzi kuti vafambe munzira yekupa shandiro. Tinofamba nzira iyi tichikuridzirwa nechinangwa chinobata paviri chetsika—kukura pamweya nepamafungiro uye kutora chinzvimbo mukuvandudzwa kwemagariro. Zvinhu zviri izvi zvechinangwa chedu hazvipatsanuriki kubva pane chimwe. Mune imwe ndima, Bahá'u'lláh anorayira:

“Musaita bishi mune zvinobata imi mega; regai pfungwa dzenyu dzinangane neicho chinounza kugadziriswa kwezvakanakira rudzi rwemuhu uye kuchenewa kwemwoyo uye mweya yevanhu.”¹

Mune imwe ndima, Anojekesa:

“... chingwa icho chakasaka kuti vanhu venyika ino, vabve mukusavepo, vachipinda mudanho rehuvepo, ndechekuti vave vanoshandira kuve nane kwenyika uye kuti vagarisane murunyararo nekuwirirana.”²

Maringe nechimiro chedu chemukati, Anorayira kuti:

“Mwoyo wakachena wakaita sechiringiro; uchenese nekuvirima kwerudo uye kuzvitsaura kubva pane zvose kusiya Mwari chete, kuitira kuti zuva rechokwadi rigopenya mukati mawo uye kuti mambakwedza asingaperi agobuda.”³

Uye ‘Abdu’l-Bahá anotirayira kuti:

“Mwoyo yenyu inofanira kuva yakachena uye zvinangwa zvenyu zvive pachokwadi kuitira kuti muve vagashiri vezvipo zvedenga.”⁴

1. Ndechipi chinhu icho pfungwa nemaitiro edu zvinofanira kunanga pachiri? _____

2. Chinangwa chipi icho chatakayambukira kubva mukusavepo tichipinda mudanho rehuvepo? ____

3. Tinofanira kushandisa chii kuchenesa chiringiro chemwoyo wedu? _____

4. Ndeapi amwe emamiriro ezvinhu anokwezva zvipo zvedenga? _____

5. Pane zvechokwadi here pane zvinotevera?
_____ Chekutanga unofanira kuzvibatsira pachako, wozokwanisa kuzobatsirawo vamwe.

- ____ Kana ukagara uchibatsira vamwe, unopedzirisa watadza kuzadzikisa zvinangwa zvako.
- ____ Ndiwe shamwari yako yepedyo-pedyo
- ____ Chakanyanyisa kukosha kuwana chinokufadza
- ____ Tevera zvishuwo zvako, ndizvo zvinokusvitsa pakufara
- ____ Chero usina wawarwadzisa, hazvina mhosva chero chaunoita.
- ____ Zvakanaka kuti maitiro ako ave ekuzvifunga iwe pachako, chero uchizoitawo chimwe chakanaka.

CHIKAMU 2

Shuviro yedu yakasimba inova iyo nhongonya pachinangwa chedu chinobata paviri ndeyekuti tese takasikwa tiri vatsvene. Bahá'u'lláh anoti:

“Nhai Mwanakomana weMweya! Ndakakusika uri mupfumi, koo sei uchizvidzikisira muhurombo? Ndakakusika uri mutsvene, koo sei uchizviredza? Kubva muhudzamu hweruzivo ndakakusika, koo sei uchitsvaga ruzivo kune umwe uchisiya Ini? Kubva padhaka rerudo ndakakuumba, koo sei uri bishi nezvemumwe? Tendeudza meso ako kwauri, kuitira kuti ungangondiwana Ndimire mauri, nehukuru, nesimba uye kuzviraramisa.”⁵

Kuzadzisa mikana iripo pazasi kuchakubatsirai kufungisisa nezvechinyorwa ichi.

“Nhai Mwanakomana weMweya! Ndakakusika uri _____, koo sei uchizvidzikisira mu _____? Ndaka _____, koo sei uchizviredza? Kubva muhudzamu hwe _____ ndakakusika, koo sei _____ kune umwe uchisiya _____? Kubva padhaka re _____ ndaka _____, koo sei uri bishi nezve _____? Tendeudza _____ ako _____, kuitira kuti ungangondiwana _____ mauri, _____, ne _____ uye _____”.

Kuve tive pachokwadi maringe nehutsvene hwemweya yedu, tinofanira kutendeukira kuMavambo ekusikwa kwedu uye totsava ruzivo kwaAri. Imwe nzira yakakosha yekuzadzikisa izvi kuburikidza nemunamato. Shoghi Effendi, Mutariri weRudaviro, anotirayira kuti chinangwa chawo chikuru “kuvandudzwa kwedungamunhu uye magariro akamukomberedza, kuburikidza nekuwana tsika dzepamweya uye masimba. Mweya wemunhu ndiwo wekutanga unofanira kupiwa kudywa. Uye kudywa kwemweya uku kunonyatsazadzikiswa nemunamato.”⁶

CHIKAMU 3

Mwari Ndivo Muzivi-Wezvose, Ane Huchenjeri-Hwose. Vakatisika uye Vanoziva zviri mumwoyo yedu uye nezvakatinakira. Havawani rubatsiro kubva paminamato yedu. Saka sei tichinamata?

‘Abdu’l-Bahá anoti:

“Mumunamato wepamosoro-soro, vanhu vanofanira chete kunamata nekuda kwerudo rwavo kunaMwari, kwete nekuti vanoMutya kana kuti gehena, kana kuti kuva netarisiro yekuwana makomborero kana kuti denga.... Kana munhu akapinda murudo neumwe munhu, hazvigoneke kuti arege kudaidza zita reuyo waanodisisa. Zvakaoma zvakadii kuti munhu agare asingatauri Zita raMwari kana achinge asvika pakuMuda.... Munhu wepamweya haawani mufaro kune chimwe chunhu kunze kwepemberera ari muna Mwari.”⁷

Uye mumhinduro kune umwe mubvunzo, Anotsanangura:

“Kana imwe shamwari ichida umwe wake, hazvisi nyore here kuti anoshuvira kumuudza? Kunyanwe hake achiziva kuti shamwari yake inoziva nezverudo urwu, haazorambi achishuvira kumuudza nezverudo rwake here?... Ichokwadi kuti Mwari vanoziva zvishuwo zvemwoyo yedu tose; asi shuviro yekuda kunamata yakasikwa iripo, ichikuchidzirwa nerudo rwemunhu kuna Mwari.”⁸

1. Zadzisai mitsara inotevera:

- a. Mumunamato _____, _____ chete kunamata nekuda kwe_____ rwavo kunaMwari, kwete nekuti vanoMutya kana kuti _____, kana kuti kuva netarisiro yekuwana _____ kana kuti _____.
- b. Kana munhu akapinda _____ neumwe munhu, _____ arege kudaidza _____ reuyo _____. Zvakaoma zvakadii kuti _____ agare _____ Zita _____ kana achinge asvika _____.
- c. Munhu wepamweya haawani _____ kune chimwe chunhu kunze kwe_____ ari muna Mwari.

2. Sei tichinamata? _____

3. Chirevo chekuti “kupemberera ari muna Mwari” chinorevei? _____

4. Ndechipi chishuwo chikurusa chemunhu kana aine waanoda? _____

5. Chido chekunamata chinobva kupi? _____

CHIKAMU 4

Mumunamato wakaburitswa naBahá’u’lláh, tinoverenga:

“Ndinokumbira Imi... muite kuti munamato wangu uve moto uchazopisa mambure akandivharidzira kuona runako Rwenyu, uye uve chiyedza chichanditungamirira kune gungwa reHuvepo Hwenyu.”⁹

Mumunamato umwechetowo tinokumbira kuna Mwari:

“Itai kuti munamato wangu, Nhai Mwari wangu, uve chitubu chemvura dzinoraramisa kuitira kuti kuburikidza nacho ndinogona kurarama chero bedzi huchangamire Hwenyu huchitsungirira, uye ndikwanise kuKushevedzai munyika Dzenyu dzese.”¹⁰

1. Munamato ungafananidzwa nemoto nenzira ipi? Unopisa chii? _____

2. Domai amwe mambure anotivharidzira kubva kuna Mwari: _____

3. Mumamato unogona here kuva semwenje? Unotitungamirira kuenda kupi? _____

4. Munamato unogona here kuva sechitubu chemvura dzinoraramisa? Unounza chii kumweya yedu? _____

CHIKAMU 5

Verengai uye mufungisise pamusoro pemashoko anotevera a‘Abdu’l-Bahá:

“Hapana chinotapirisa munyika yeranamo kupfuura munamato. Munhu anofanira kugara ari mumaitiro emunamato. Mamiriro eraramo akakomborerwa zvikuru mamiriro emunamato uye kuisa zvose kuna Mwari. Munamato kuita nhaurirano naMwari. Hakuna mamwe mamiriro anotapira kana kuti kwanisiro yakakurisisa inopfuura kutaura naMwari. Unoumba hutsvene, unovandudza mafungiro uye manyuku-nyuku edenga, kuunza kwezvero itsva dzeHumambo uye kupa mukana wekugamuchira huchenjeri hwepamusoro-soro.”¹¹

1. Ndeapi maitiro emagariro anotapirisa munyika yeraramo? _____

2. Chirevo chekuti “maramiro echimiriro chemunamato” chinorevei? _____

3. Domai dzime tsika dzinoumbwa nemunamato: _____

4. Ongororai zvinorwa zvamanzvera muzvikwamu zvapfuura uye monyora pasi mitsara mishanu maringe nezvemunamato.
 – Munamato _____
 – Munamato _____
 – Munamato _____
 – Munamato _____
 – Munamato _____

CHIKAMU 6

Verengai mugofungisisa pamusoro mashoko anotevera aBahá'u'lláh:

“Detemba, Nhai muranda Wangu, zvinyorwa zvaMwari zvakagamuchirwa nowe, sekudetembwa kwazvinoitwa neavo vakaswederwa pedyo Naye, kuti kutapira kwekuimba kwako kungabatidza mweya wako, uye kukwezva mwoyo yevanhu vose. Uyo anoimba, mukamuri reimba yake ari ega, zvinyorwa zvakaziviswa naMwari, ngirozi dzinopararira dzaWemasimbaose dzichamwaya kwese-kwese kunhuhwirira kwemashoko anotaurwa nemuromo wake, uye zvichaita kuti hana yomunhu wose akarurama irove. Kunyange zvazvo pakutanga angange asingazivi shanduko yazvo, asi kunaka kwenyasha dzaakachengeterwa kunofanira nokukurumidza kana kuti gare-gare kushandisa simba racho pamweya wake. Ndoosaka zvakavanzika zveZvakazarurwa zvaMwari zvakatemerwa kuburikidza neKuda Kwake Uyo ari Tsime resimba neuchenjeri.”¹²

1. Izwi rinoti “detemba” rinorevei? _____

2. Tinofanira kudetemba zvinyorwa zvaMwari nenziri ipi? _____

3. Izwi rekuti “imba” rinorevei? _____

4. Izwi rekuti “mwaya” rinorevei? _____

5. Ishanduko ipi inoitika kumweya yedu nekuda kwekutapira kwekuimba kwedu? _____
6. Ishanduko ipi inoitika kumwoyo yevamwe nekuda kwekutapira kwekuimba kwedu? _____

CHIKAMU 7

Mungangoshuvira kubata nemusoro zvinyorwa zviri pazasi zvinobva mumunamato wakaburitsa pachena naBahá'u'lláh.

“Nhai Mwari, Mwari Wangu! Musatarisa pazvido zvangu nekuita kwangu, asi tarisai pachido Chenyu icho chakakomberedza matenga nepasi-rose. Kubudikidza neZita Renyu Gurusa, Nhai Imi Ishe wenyika dzose! Ndakangoshuvira chete izvo zvaMakashuvira, uye ndinoda chete izvo zvaMunoda.”¹³

“Muri pamusoro-soro kudarika rumbidzo yeavo vari pedyo Nemi kuti vave vanokwira kudenga rekuva pedyo Nemi, kana kuti shiri dzemwoyo yeavo vakazvipira kwaMuri dzisvike pamukova wegedhi Renyu. Ndinopupura kuti Imi Muri Mutsvene kudarika hunhu hwese uye munoera kudarika mazita ose. Hakuna umwe kunze Kwenyu, Wepamusoro-soro, Ane Mbiri-Yose.”¹⁴

CHIKAMU 8

‘Abdu’l-Bahá anoti:

“Zvakafanira kuti muranda anyengetere uye otsvaga rubatsiro kuna Mwari, oteketera uye kukumbira yamuro Yake. Izvi ndizvo zvinova danho rehuranda, uye Ishe vanotongera izvo zvaVanoda, zvichienderana nehuchenjeri Hwavo huzere.”¹⁵

Uye Anotsanangura:

“Mweya une simba; munamato une simba rekukonzera shanduko yepamweya. Nokudaro, tinonamata, ‘Nhai Mwari! Poresai murwere uyu!’ Zvichida Mwari achapa mhinduro. Zvine mhosva here kuti ndiyani anenge anamata? Mwari vanopindura munamato wemuranda wese kana munamato wacho uchida mhinduro nekukasika. Nyasha Dzake dzakapararira, hadzina magumo. Anopindura minamato yevaranda Vake vose. Anopindura munamato wechirimwa. Chirimwa chinonamata netarisiro, ‘Nhai Mwari! Nditumireiwo mvura yekunaya!’ Mwari anopindura munamato uyu, uye chirimwa chinokura. Mwari anopindura chero ani.”¹⁶

Hongu mumunamato yedu tinogona kukumbira kuti Mwari azadzise zvatinoshuvira. Nokudaro tinonamatira kuva nehutano hwedu uye nehwevadikani vedu, tinonamatira budiro yezvepamweya neyepanyama yemhuri dzedu, uye tinonamatira kutungamirirwa. Tinokumbira kusimbiswa, ruvimbo, uye kukomborerwa munzira yeshandiro. Naizvozvo, mukunamata kuna Mwari, tinofanirwa kurangarira kuti chinanga chedu muupenyu ndechekusunganidza chido chedu neChido Chake. Nokudaro, tinofanira kunamatira kuti Chido Chake chiitike uye kuti tive takagadzirira kuzvipira kwachiri. Kana mukabata

mashoko anotevera a‘Abdu’l-Bahá, achakubatsirai sechitumbu chemufaro nesimbiso kwamuri munguva dzose:

“Nhai iwe uri kutendeudzira huso hwako kuna Mwari! Vhara maziso ako kune zvinhu zvose, uye womazarura kunzvimbo yeAne Mbiri-Yose. Kumbira kwaAri chete chero chaunoshuvira; tsvaga kwaari chete chero chipi chaunoda kutsvaka. Nekungotarisa kwake Anopa zviuru zana zvetariro, nekungoti ba anorapa zviuru zana zvezvirwere zvisingarapiki. nekungogutsura Anonyaradza chironda chese, nekungoti tarise zvishoma Anosunungura mwoyo kubva kungetani dzekusuwa. Anoita semaitiro Ake, uye ndeipi imwe sarudzo yatinayo? Anoita sekuda Kwake, Anotonga sekuda Kwake. Saka zvakanakira iwe kuti ukotamise musoro wako pasi mukuzvipira, uye woisa chivimbo chako muna Tenzi weTsitsi-Dzose.”¹⁷

CHIKAMU 9

Kubva pane zvose zvatakadzidza kusvika parizvino, zviri pachena kuti kutendeukira kuna Mwari mumunamato chiito chakakosha chinodikanwa muupenyu hwepamweya. Zvinotapira sei kunamata kuna Mwari uchangobva kumuka mangwanani uye manheru ega-ega usati waenda kunorara. Nguva yatinotora tichinamata zuva nezuva uye huwandu hweminamato yatinoita zvinoenderana nezvatinoshuvira kuzadzisa uye kupedza nyota yedu yemweya. Panguva dzose, tinokwanisa kunokora kubva mumunamato mizhinji yakaburitswa pachena naBahá’u’lláh, Bab, uye ‘Abdu’l-Bahá. Naizvozvo, zvekare Bahá’u’lláh akaburitsa pachena minamato mitatu inosungirwa kuitwa. Shoghi Effendi anoti:

“Minamato inosungirwa kuitwa zuva rega-rega mitatu. Mupfupi wacho une ndima imwechete inofanira kudetembwa kamwechete mukati mema awa makumi maviri neina uye panguva dzepakati pemasikati chaipo. Wepakati nepakati, uyo unotanga nemazwi anoti, ‘Ishe ndiye chapupupu kuti hakuna mumwe Mwari kunze kwaIye,’ unofanira kudetembwa katatu pazuva, mangwanani, pakati pezuva uye nemanheru. Munamato uyu unofambidzana nezvimwe zviito zvemuviri. Munamato murefu, uyo unova wakanyatsotsanangurwa pakati pemitatutu iyi, unofanirwa kudetembwa kamwechete pazuva, chero panguva ipi zvayo munhu yaanoshuvira.

“Mutendi akasununguka kusarudza chero munamato umwechete pane mitatu iyi, asi anozviita achicherechedza kuti pane umwechete waanofanira kudetemba, uye pachitevedzwa zviito zvinoenderana zvakatarwa nemunamato wacho.”¹⁸

Uye anoenderera mberi:

“Minamato inosungirwa kuita mazuva ese iyi, uye neimwe mishoma yakasarudzwa, yakaita seMunamato Wekuporesa, Tsamba yaAhmad, yakapiwa simba naBahá’u’lláh uye ine kukosha kukuru, uye inofanira kugamuchira saizvozvo uye yodetembwa nevatendi pasina kuzengurira kwerutendo uye vaine chivimbo, kuitira kuti kuburikidza nayo vangasvika pakuswedera pedyo naMwari, uye vova vanowedzera kuzvirerekera kumitemo nemirairo Yake.”¹⁹

Minamato mitatu inosungirwa iyo yakaburitswa pachena naBahá’u’lláh inoitwa nemunhu pachake ari ega. Mhando yemunamato wepazuva unosungirwa kuitwa pagungano sechikwata pachitevedzerwa imwe mitemo, hauwanikwe muChitendero cheBahá’í. Munamato weVafi ndiwo chete munamato unotenderwa pamutemo weBahá’í kudetembwa pachaunga. Unofanirwa kuita munhu asati adzikiswa muguva neumwe weavo vanenge varipo parufu, apo vamwe vese pagungano iri vanenge vakamira vakanyarara.

1. Izwi rekuti “kusungirwa” rinorevei? _____

2. Minamoto mingani yakaburitswa naBahá'u'lláh inosungirwa kuitwa mazuva ose? _____

3. Tinofanirwa kudetemba minamoto iyi yese here zuva rega-rega? _____
4. Kana tikasarudza Munamoto Unosungirwa Murefu wacho, tinofanira kuudetemba kangani muzuva rega-rega? _____
5. Tikasarudza Munamoto Unosungirwa Wepakati-nepakati, tinofanira kuudetemba kangani? _____

6. Tinodetemba kangani pazuva, kana tasarudza Munamoto Unosungirwa Mupfupi? _____
7. Doma imwe minamoto yakakosha ine simba: _____

8. Batai nemusoro Munamoto Unosungirwa Mupfupi, kana manga musati mazviita

“Ndinopupura, Nhai Mwari Wangu, kuti Makandisika kuti ndiKuzivei uye nekuKunatamai. Ndinopupura, panguva ino, kusasimba kwangu uye kusimba Renyu, kuhurombo hwangu uye kupfuma Kwenyu.

“Hakuna umwe Mwari kunze Kwenyu, Mubatsiri muMatambudziko, Nyakuzviraramisa.”²⁰
9. Tinopupura kuchii mumunamoto uyu? _____

CHIKAMU 10

Tinofanirwa kurangarira kuti, pamusoro pemakomborero atinowana kubva mukuremekedza mutemo weminamoto inosungirwa uye kubatsirika kwatinowana kuburikidza nekudetemba imwe minamoto yedu tiri tega sedungamunhu, mweya yedu inosimudzirwa apo patinoteerera minamoto inodetembwa mumisangano, mukuru kana midiki. Bahá'u'lláh anotirayira:

“Unganai imi pamwechete nemufaro wakadzama nehushamwari uye mudetembe zvinyorwa zvakaburitswa pachena naIshe wetsitsi. Mukuita izvi masuwo eruzivo rwechokwadi achazaruka mukati menyu, uye muchanzwa mweya yenyu yazadzwa nekutsungirira uye mwoyo yenyu yazadzwa nemufaro unobwinya.”²¹

Tose tinowana mufaro wakadzana pakuziva kuti, pasi-rose, misangano yekunamata umo shamwari nevavakidzani vavo vanouya pamwechete vachinyengerera kuna Mwari iri kuramba ichiwedzera zvapaketwa nezviuru zvakati-kuti. Imba Yehutongi Hwakaenzana Yepasi-rose inonyora:

“Misangano yeminamoto inguva iyo apo chero munhu anokwanisa kupinda, ofema kunhuwirira kwedenga, ova neruzivo rwekutapira kwemunamoto, ofungisisa pamusoro pelzwi Rinopa Hupenyu, otakurwa pamapapiro emweya, uye oita nhaurirano neuyo Mudikanwi mumwechete. Manyukunyuku ekuwadzana uye nekutsigira chinangwa chimwechete anoubwa, zvikuru-sei munhaurirano dzepamusoro-soro dzinotanga nyorenyore panguva dzakadai uye kuburikidza nadzo ‘maguta emwoyo wemunhu’ anokwanisa kuzaruka.”²²

Apo patinonzwa kuda kunamata, tinombotura mafemo chinyararire kwechinguva kuitira kuchenesa pfungwa dzedu kubva kune zvenyika. Patinenge tonamata, tinonanganisa ndangariro dzedu panaMwari. Kana tapedza kudetemba minamoto, tinoramba takadzikama muchinyararire kwechinguva uye hatingosimuki nekuchimbizika tichimhanyira kuenda pane chimwe chiitiko. Zvekare tinoita zvimwechetezvo apo patinoteerera minamoto inodetembwa nevamwe mumusangano. Panguva idzi, tinoramba takachengetedza maitiro emunamoto uye totevedzera mashoko nemwoyo wese, tichiita sekuti ndisu pachedu tiri kudetemba munamoto wacho.

1. Tinofanira kuva nemweya wakaita sei kana taungana tichidetemba zvinyorwa zvaMwari? _____

2. Ishanduko ipi inoitika patinounzana tichidetemba zvinyorwa zvaMwari? _____

3. Misangano yeminamoto mikana yekuti munhu wese anopinda okwanisa ku
– _____,
– _____,
– _____,
– _____,
– _____, uye
– _____.
4. Manyuku-nyuku api anoubika mumisangano yekunamata? _____

5. Ishanduko ipi inoitika kubudikidza nenhaurirano dzepamusoro-soro dzepamweya dzinoitika nyorenyore mumisangano yekunamata? _____

6. Nyorai mazwi mashoma pamusoro pemaitiro eruremekedzo atinofanirwa kuratidza kana tiri mumunamato, paunenge uri wega kana kuti mumusangano.

CHIKAMU 11

Chitsauko chekutanga chebhuku rino chakanangana netsika yekunzvera zuva nezuva ndima dzinobva muZvinyorwa uye kufungisisa pamusoro pezvazvinoreva. Makaongorora zvekare kukosha kwemunamato, nokudaro, zvabva zvasimbisa tsika yekunamata zuva nezuva. Chikamu chapfuura, chakakupai mukana wekuona kukosha kwekunamata pamwechete senharaunda. Zvese zvamadzida parizvino zvakubatsirai kuita gadziriro, kana muchinge maita chido, kutangisa chiitiko chekutanga munzira yekupa shandiro: kukwanisa kuronga nekukoka vamwe kumusangano wemunamato.

Sedanho rekutanga, mungangoda kutanga kubata nemusoro minamato yakati-kuti uye motora mukana wekugoveranawo nedzimwe shamwari. Panguva imwecheteyo, munogona kuedza kuona kuti matora chinzvimbo chekupinda mumunamato kana umwechete unoitika munharaunda menyu uye mova munoverengwa pakati peavo vanotsigira musangano uyu zvine mutsindo. Naizvozvo, mukufamba kwenguva, muchashuvira kuumbawo musangano wemunamato pachezvenyu, muchikoka shamwari dzenyu, nhengo dzemhuri dzenyu, uye vavakidzani venyu kuti munge muchisangana nguva nenguva pamunamato uye kushamwaridzana. Hazvishamisi kuti vaviri kana vatatu venhengo dzekunzverwa kwebhuku rino vachatangisa musangano wemunamato wakadai vari pamwechete.

Sekunzwisisa kwamaita, hakuna nzira dzakatarwa dzinotsanagura marongerwo emusangano wemunamato. Asi zviri pachena kuti iri igungano reshamwari dzinouya dzonamata pamwechete, ndima dzinobva muZvinyorwa dzinoverengwa, uye nhaurirano dzezvemweya dzinosimudzira dzinoitwa—zvese izvi zvinoitika mumamiriro ezvinhu epamweya. Mungatsanangura here mazwi mashoma maringe nepfungwa idzi dzinotevera, maringe nekuronga nekuitwa kwemusangano wekunamata?

Kukoka vamwe zvine ruremekedzo uye rudo: _____

Kuumba mamiriro ezvinhu ane tsika yekugamuchira vamwe zvakanaka: _____

Kusimbaradza kuenderera mberi kwemamiriro ezvinhu ane hutsvene: _____

Kusimudzira ruwadzano rwune mufaro: _____

Kukurudzira nhaurirano dzezvemweya dzinosimudzira: _____

REFERENCES

1. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1983, 2017 printing), XLIII, par. 4, p. 105.
2. Bahá'u'lláh, in *Trustworthiness: A Compilation of Extracts from the Bahá'í Writings*, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice (London: Bahá'í Publishing Trust, 1987), no. 21, p. 5.
3. *The Call of the Divine Beloved: Selected Mystical Works of Bahá'u'lláh* (Haifa: Bahá'í World Centre, 2018), no. 2.43, p. 31.
4. From a talk given on 5 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by 'Abdu'l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2012), p. 127.
5. Bahá'u'lláh, *The Hidden Words* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2003, 2012 printing), Arabic no. 13, pp. 6–7.
6. From a letter dated 8 December 1935 written on behalf of Shoghi Effendi, published in *Prayer and Devotional Life: A Compilation of Extracts from the Writings of Bahá'u'lláh, the Báb, and 'Abdu'l-Bahá and the Letters of Shoghi Effendi and the Universal House of Justice*, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2019), no. 71, p. 31.
7. Words of 'Abdu'l-Bahá, cited by J. E. Esslemont, *Bahá'u'lláh and the New Era: An Introduction to the Bahá'í Faith* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2006, 2017 printing), p. 106.
8. Ibid.
9. Bahá'u'lláh, in *Bahá'í Prayers: A Selection of Prayers Revealed by Bahá'u'lláh, the Báb, and 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2002, 2017 printing), pp. 7–8.
10. Ibid., p. 9.
11. Words of 'Abdu'l-Bahá, cited in *Star of the West*, vol. 8, no. 4 (17 May 1917), p. 41.
12. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXXVI, par. 2, p. 334; also in *Bahá'í Prayers*, p. iii.
13. Bahá'u'lláh, in *Bahá'í Prayers*, pp. 8–9.
14. Ibid., p. 12.
15. 'Abdu'l-Bahá, in *Prayer and Devotional Life*, no. 24, p. 7.
16. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 5 August 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, p. 345.

17. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 22.1, pp. 75–76.
18. From a letter dated 10 January 1936 written on behalf of Shoghi Effendi, published in *Prayer and Devotional Life*, no. 61, p. 25.
19. From a letter dated 10 January 1936 written on behalf of Shoghi Effendi, quoted in *Bahá'í Prayers*, p. 301.
20. Bahá'u'lláh, in *Bahá'í Prayers*, p. 4.
21. Bahá'u'lláh, in *Prayer and Devotional Life*, no. 68, p. 29.
22. From a message dated 29 December 2015, published in *Framework for Action: Selected Messages of the Universal House of Justice and Supplementary Material, 2006–2016* (West Palm Beach: Palabra Publications, 2017), no. 35.49, p. 232.



Hupenyu ne Rufu

Chinangwa

Kuti tive nekunzwisa kuti hupenyu hauna
kuumbwa chete nekushanduka uye mikana
yemunyika ino asi hunowana kukosha
kwahwo kwechokwadi kuburikidza
nebudiriro yezvepamweya

CHIKAMU 1

Mweya wemunhu uri pamusoro-soro pezvinhu zvese uye penyika yezvepanyama. Mune imwe yenhaurwa Dzake, ‘Abdu’l-Bahá anotsanangura:

“Mitumbi iyi yepanyama yakaumbwa nezvipandi zvidikidiki; kana zvipandi izvi zvikatanga kuparadzana kuora kunobva kwatangawo, naizvozvo kunobva kwauya chatinoti rufu. . . .

“Asi nemweya wemunhu zvakatosiyana. Mweya hausi mubatanidzwa wezvinhu zvinobatika, hauna kuumbwa nezvipandi zvidikidiki zvakawanda, chinhu chimwechete chisingaparadzanisike naizvozvo unorarama nekusingaperi. Uri kunze zvakanyanya kwehurongwa hwekusikwa kwezvinhu zvepanyama; hauparare!”¹

1. Kuti “kuumbwa ne” zvinorevei? _____
2. Mweya wemunhu wakaumbwa nezvinhu zvakasiyana-siyana, sezvakaita mitumbi yepanyama here? _____
3. Mweya wemunhu chiumbwa chepanyama here? _____

CHIKAMU 2

Tsamba yakanyorwa nemumiriri weMutariri inotaura kuti “mweya wemunhu unovapo panobata pamuviri”.² Ichipindura mubvunzo maringe nezvinoreva “kubata pamuviri”, Imba yeHutongi Hwakaenzana inoti:

“Hapana zvati zvawanikwa kubva muZvinyorwa zvechiBahá’í zvinonyatsotsanangura pachena nguva chaiyo uye mamiriro echiitiko chinotsanangurwa se‘kubata pamuviri’. Mashandisirwo eizwi iri muruzivo rwezvekurapa anoitawo seasina kujeka. Zvechokwadi, imwe nzwisiso yekubata pamuviri ndeyokuti inoitika nguva imwechete panosangana mbeu yababa nezai raamai; asi imwe inoti kunoitika mushure mekusangana kwembeu yababa nezai ramai uye kubatana kwembeu yababa nezai mudumbu raamai, pamavambo ekubata kwepamuviri. Nekudaro, zvinogona kusakwanisika kuziva panonyatsobatana mweya wemunhu nenyama, uye mibvunzo yakadaro inogona kusava nemhinduro yakajeka kubva kumafungiro emunhu kana kuferefeta sezvo ine chekuita nezvakavanzika zvenyika yemweya uye chimiro chemweya pachawo.”³

1. Mavambo emweya wemunhu anoitika panguva ipi? _____

2. Izwi rekuti “kubata pamuviri” rinotsanangura zvakajeka here nguva chaiyo yemavambo ekutanga kurarama kwemunhu? _____

CHIKAMU 3

Hukama huri pakati pemweya nemuviri hausi hwepanyama; mweya haupindi kana kubuda mumuviri uye hauna nzvimbo yepanyama yaunogara. Hukama hwawo nemuviri hwakafanana neuhwo hwerambi nechiringiro chinoriratidzira. Chiedza chinooneka mukati mechiringiro hachisi mukati mechiringiro. Saizvozwowo, mweya hausi mumuviri. ‘Abdu’lBahá anoti,

“mweya wakasikwa naMwari, kana kuti mweya wemunhu, haurarami kuburikidza nemuviri nezvirima—zvichireva kuti, mweya haupindi mumuviri; sezvo kugara mukati nekupinda zvirizvo zviratidzo zvezvimi zvemiviri, uye mweya wakasikwa naMwari mutsvene pamusoro peizvi. Mweya hauna kumbobvira wapinda mumuviri uye kubvira pakutanga, zvekuti panguva yekusiya mutumbi ungazoda, imwezve nzvimbo yekugara. Kwete, hukama hwemweya nemuviri hwakafanana nehukama hwerambi iri nechiringiro. Kana chiringiro chikapukutwa uye chikacheneswa, mwenje werambi unoonekwa machiri, uye kana chiringiro chikatsemuka kana kuputirwa nehuruva mwenje unoramba wakavharidzirwa.”⁴

1. Zadzisa pakashama mumitsara iri pazasi.
 - a. Mweya wakasikwa naMwari, kana _____, haurarami kuburikidza nemuviri _____ nezvirima—zvichireva _____ kuti, _____ mweya _____.
 - b. _____, kana kuti mweya wemunhu, mweya haupindi mumuviri; sezvo kugara mukati nekupinda zvirizvo _____, uye mweya wakasikwa naMwari mu_____.
 - c. Mweya hauna _____ kubvira pakutanga, zvekuti panguva yekusiya mutumbi ungazoda, _____.
 - d. Hukama hwemweya nemuviri hwakafanana nehukama hwe_____.
 - e. Kana chiringiro chikapukutwa uye chikacheneswa, _____ unoonekwa machiri.
 - f. Kana chiringiro chikatsemuka kana kuputirwa nehuruva _____.
2. Maringe nezvatadzidza kusvika parizvino, sarudza kuti zvinotevera ndezvechokwadi here:
____ Mweya hausi wepanyika yezvepamyama.
____ Mweya uri mumuviri.
____ Muviri ndiwo muridzi wemweya.

- ___ Mweya hauparare.
- ___ Mavambo emunhu ndeapo panobatana mweya wake neshupa mudumbu raamai.
- ___ Hupenyu hwunotanga panozvarwa munhu munyika ino.
- ___ Huvepo hwemunhu hwepanyama hunoenderera mberi mushure merufu.
- ___ Hupenyu hunoumbwa nezvinhu zvinoitika kwatiri zuva nezuva.

3. Shandisa muenzaniso werambi nechiringiro kutsanangura hukama huri pakati pemweya nemuviri: _____

CHIKAMU 4

Pane hukama hwakakosha zvikuru pakati pemweya nemuviri, izvo pamwechete zvinoumba munhu. Hukama uhwu huripo kwenguva yeraramo yepasi rino chete, Panopera hukama uhwu pakati pazvo, chimwe nechimwe chinodzokera kwachakabva—mutumbi kunyika yehuruva uye mweya kunyika dzaMwari dzezvemweya, uko kwaunoramba uchienderera mberi nekurarama. ‘Abdu’l-Bahá anoti:

“Mweya wemunhu une mavambo asi hauna magumo: Unorarama nekusingaperi.”⁵

Mune imwe yenhaurwa Dzake, Anojekesa:

“Mweya haurarami nekuda kwemuviri, asi muviri unoda mweya, kana kuti haukwani kurarama. Mweya unokwanisa kurarama pasina muviri, asi muviri pasina mweya unofa.”⁶

Mutariri weChitendero anotsanangura:

“Maringe nemweya wemunhu: Kubva muDzidziso dzechBahá’í mweya wemunhu ndiwo unotangisa kuumbika kweshupa mudumbu raamai, uye unoenderera mberi nekuvandudzika uye uchipfuura matanho asingaperi uhuvepo mushure mekuparadzana kwawo nemuviri. Kufambira mberi kwawo naizvozvo hakuna magumo.”⁷

1. Kuburikidza nezvinyorwa zviri pamusoro, pindurai mibvunzo inotevera:
 - a. Muviri unoda mweya here? _____
 - b. Mweya unoda muviri here kuti urame? _____
 - c. Chii chinoitika kuhukama hwemuviri nemweya kana tafa? _____

- d. Chii chinoitika kumweya mushure merufu? _____

- e. Kufambira mberi kwemweya kunosvika rini? _____

- f. Hupenyu hunoguma rinhi? _____

2. Sarudza kuti ndezvipi pane zvinotevera zvinowirirana nezvatadzidza muzvikamumu izvi:

- ___Rufu murango.
- ___Hukama huri pakati pemuviri nemweya huripo kwenguva yeraramo yepasi pano chete.
- ___Muviri une kwanisiro yekufambira mberi nekusingaperi.
- ___Mweya unofambira mberi nekusingaperi.
- ___Rufu ndiwo magumo ehupenyu.
- ___Pachava nezuva rekutongwa apo mitumbi yedu ichamuka zvekare.
- ___Panguva yerufu, mweya unova nekusununguka kwakanyanya kupfuura zvawaimbova kumashure.
- ___Hupenyu hunoguma nerufu.
- ___Tinofanirwa kutya rufu.
- ___Zvokudya, zvokupefeka, zororo, uye zviitiko zvokutandara zvakakoshera mweya.
- ___Mweya unoneta apo muviri unenge uchishandisa simba rawo.
- ___Mweya haubatwi nehurwere kana kuneta kwemuviri.
- ___Munhu anoramba achida zvikwanisiro zvepanyama mushure mekufa.

CHIKAMU 5

Taona kuti mweya hauna nzvimbo yepanyama yaunogara uye haushande maringe nemitemo yekusikwa kwepasi, sezvinoita zvinhu zvepamanya. Mweya unoisa simba reshando muniyika kuburikidza nekushandiswa kwemuviri, asi haisiriyo nzira yega iyo mweya unogona kushandisa simba rawo. Bahá'u'lláh anotsindidzira:

“Zvirokwazvo Ndinoti, mweya wemunhu wakakwiridzirwa pamusoro pezvese kuenda mberi uye kudzokera shure. Wakamira panhu pamwe, asizve unokwira kuenda muchadenga; unofamba, asi zvekare uri panhu pamwe.”⁸

Uye ‘Abdu’l-Bahá anotitaurira:

“Zivai kuti simba reshanduko nemuono wepamweya wepamunhu zvine mhando mbiri; zvichireva kuti, mweya wemunhu une nzira mbiri dzemashandiro uye kunzwisisa. Imwe nzira ndeyekuburikidza nekushandisa mitezo nenhengo dzemuviri. Naizvozvo unoona nemaziso, unonzwa nenzeve, unotaura nerurimi... .

“Imwe nzira iyo mweya unoratidza simba rawo kana mabasa zvinoitika pasina rubatsiro rwemitezo nenhengo dzemuviri.”⁹

1. Zadzisai pakashama mumitsara inotevera:
 - a. Mweya wemunhu wakakwiridzirwa pamusoro pezvese _____ uye _____.
 - b. Waka _____, asizve uno _____.
 - c. Uno _____, asi zvekare uri _____.
2. Tsanangura nzira mbiri idzo mweya unonzwisisa pamwe nekushandisa simba rawo pasi rino:

3. Mungapa here mienzaniso yesimba nezviito zvemweya pasina batsiro yemitezo yemuviri?

CHIKAMU 6

Maringe nehurukuro dzemuzvikamu zvapfuura, chiverengai ndima inotevera kubva muZvinyorwa zvaBahá'u'lláh:

“Zivai kuti mweya wemunhu wakasimudzirwa kuenda pamusoro-soro, uye wakazvimiririra kubva mukukanganisika kwese kwemuviri kana pfungwa. Kuti munhu anorwara aratidze zviratidzo zvekushaya simba imhaka yezvipingamupinyi zvinozvipinza pakati pemweya wake nemuviri wake, nekuti mweya pachawo unoramba usina kubatwa nezvirwere zvipi nezvipi. Funga nezvechiedza cherambi. Kunyangwe chinhu chekunze chikagona kukanganisa kupa chiedza kwaro, mwenje pachezvawo unoramba uchipa chiedza zvine simba risingaperi. Zvimwechetezvo, chirwere chipi nechipi chinotambudza muviri wemunhu chimhingamupinyi chinodzivisa mweya kuratidza hukuru nesimba

rawo. Kana uchinge wasiya mutumbi, naizvozvo, unokwira kumusoro, uye woburitsa shanduko iyo yekuti hapana simba ripi zvaro repanyika raungaenzaniswa naro. Mweya wega-wega wakarurama, wakanatswa uye wakacheneswa uchazadzwa nesimba guru uye uchapembera nemufaro wakawedzerwa.”¹⁰

1. Tsanangura uchushandisa manzwi ako kuti mweya unoramba sei usingabatwi nezvipingaidzo zvemuviri kana pfungwa uye kuti ndehupi hunova humboo hwekuzviparadzanisa kwawo nemutumbi.

2. Tinoramba takachengetedza chimiro chedu chepanyama here mushure mekufa kwemiviri yedu yepanyama? _____

CHIKAMU 7

Bahá'u'lláh anotidza:

“Iyezvino maerano nemubvunzo wenyu pamusoro pemweya wemunhu nekurarama kwawo mushure merufu. Zivai zvechokwadi kuti mweya, mushure mekuparadzana kwawo nemutumbi, unoramba uchifambira mberi kusvika wasvika kuhuvepo hwaMwari, muchimiro uye mamiriro ekuti chero kushanduka kwemazera uye mazana emakore akapetwa, kana shanduko nemikana yezvinhu pasi rino, haikwanise kuushandura. Unorarama kana Humambo hwaMwari, hukuru Hwake, hutongi uye simba Rake zvichiraramawo. Ucharatidza zviratidzo zvaMwari netsika Dzake, uye uhaburitsa pachena rudo Rwake rwune mutsa uye zvikomborero.”¹¹

1. Mushure merufu mweya uchafambira mberi kusvika rinhi? _____
2. Mumamiriro api awo mweya uchafambira mberi nerwendo rwawo rwusina magumo kuenda kuhuvepo hwaMwari? _____

-
-
-
3. Ndedzipi dzimwe tsika nezviratidzo izvo mweya ucharatidza mumamiriro akadaro?

4. Maringe nezvatadzidza parizvino, sarudza kuti zvirevo zvinotevera ndezvechokwadi here:

- ___ Humambo hwaMwari hunogara nekusingaperi.
___ Mweya une kwanisiro yekuratidza tsika dzehuMwari.
___ Minamoto yatinodetembera vafi haikwanise kushandura budiriro yemweya yavo.
___ Mweya haugumi kurarama.

CHIKAMU 8

Bahá'u'lláh anozivisa:

“Zivai imi kuti nzeve yega-yega inonzwa, kana ikagara yakacheneswa uye isina chipomerwa, inofanirwa, panguva dzose uye kubva kumativi ose, kunzwa kune inzwi rinotaura manzwi matsvene aya: Zvirokwazvo, tiri vaMwari, uye Kwaari tichadzokera.’ Zvakavanzika zverufu rwepanyama rwemunhu uye kudzokera kwake hazvina kuburitswa pachena, uye zvicharamba zvisingazivikanwe

“Rufu rwunounza kumutendi egaega ane chivimbo mukombe wehupenyu hwechokwadi. Rwunounza mufaro, uye ndirwo mutakuri wemufaro. Rwunopa chipo chehupenyu husingaperi.

“Kune avo vakaravira muchero wehuvapo hwemunhu hwepanyama, unova kuziva Mwari wezvokwadi mumwechete, mbiri Yake ngaikudzwe, hupenyu hwavo mushure merufu hatikwanise kuhutsanangudza. Zivo yacho kubva ipapo ina Mwari, chete, Tenzi wenyika dzose.”¹²

“Nhai Mwanakomana weMukuru-mukuru! Ndakaita kuti rufu rwuve mutumwa wemufaro kwaari. Ko zvino unochemeiko? Ndakaita kuti chiedza chivhenekere pauri runako rwacho. Sei uchizvivharidzira kubva kwachiri?”¹³

1. Ndezvipi zvirevo zvechokwadi pane inotevera?

- ___ Mweya wemunhu unobva kuna Mwari uye uchadzokera kwaAri.
___ Ruzivo rwese rwehupenyu mushure merufu rwuna Mwari.
___ Kumutendi ane chivimbo, rufu upenyu.

___ Hazvina kutikoshera kuziva nezvehupenyu huchauya mushure merufu..

- [illegible]

‘Abdu’l-Bahá anotsanangura:

40 – Fungisiso pamusoro peHupenyu hweMweya

ino kubva munyika yemudumbu, zvino, saizvozvo, anofanira kuwana izvo zvaachazoda munyika yeHumambo—zvichireva izvo kuti, masimba ose edenga—munyika ino ”¹⁴

1. Sarudza kuti zvinotevera ndezvechokwadi here kana kuti kwete:

___ Masimba ese anodiwa munyika ino anowanikwa munyika yemudumbu.
___ Hazvina kukodzera kuti munhu agadzirire hupenyu hwenyika inotevera.
___ Zvatinoda munyika yeHumambo zvinofanira kuwanikwa ikoko.
___ Chinangwa chehupenyu huno ndechekuwana masimba anodiwa muhupenyu hwemunyika inotevera.
___ Hupenyu hwechokwadi hunotanga kana munhu afa uye aenda kunyika dzeHumambo hutsvene.
___ Hupenyu hwechokwadi hunotangira munyika ino uye hunoenderera mberi mushure merufu.
2. Ndedzipi dzimwe kwanisiro dzinowanika nemunhu munyika yemudumbu?

3. Ndezvipi zvimwe zvezvipi zvinofanira kuwanikwa pano kuitira hupenyu hunotevera mushure merufu?

CHIKAMU 10

Bahá'u'lláh anotizivisa kuti:

“Janha guru remunhu muZuva ranhasi ndere kuwana chikamu chemafashamo enyasha ayo Mwari vanodurura kwaari. Nokudaro, ngapasave naani, anotarisa kukura kana kukukupa kwechipimo chaanogamuchira nacho. Chikamu chevamwe chinogona kukwana muchanza cheruoko rwemunhu, chikamu chevamwe chinogona kuzadza komichi, uye chevamwe chinogona kuzadza mugomo.”¹⁵

1. Maringe nechinyorwa chiri pamusoro, pindurai mibvunzo inotevera:
 - a. Nderipi jana remunhu ega-ega muzuva ranhasi? _____

 - b. Ndeapi mamwe emakomborero awakawana kubva kuna Mwari? _____

c. Inzwi rekuti “chipimo” rinoreva chii muchinyorwa? _____

d. Sei tisingafaniri kutarisa “kukura kana kudukupa” kwekwanisiro iyo yatakapiwa?

e. Ndezvipi zvimwe zvinhu zvinotidzivisa kugamuchira chikamu chedu chenyasha dzaMwari? _____

2. Ndezvipi zvechokwadi pane zvinotevera?

_____ “Kukura kana kudukupa” kwekwanisiro yedu zvinonangana nekuchenjera kwatakaita.

_____ Kuti tishandire Mwari, tinofanira kukanganwa hutera hwedu toisa chivimbo chedu chose Maari.

_____ Kana munyika ino tikasakwanisa kuvandudza kwanisiro idzo dzakaiswa matiri naMwari, mweya yedu inozova isina kusimba patinosvika munyika inotevera.

CHIKAMU 11

Bahá'u'lláh anoti:

“Imi Makadzibvunza maringe nezvechimiro chemweya. Zivai, zvokwadi, kuti mweya chiratidzo chaMwari, indarama inokosha yedenga iyo chokwadi chayo chekuti chero vanhu vakadzidza zveMANDOROKWATI vakakundikana kuunzwisisa, uye zvakavanzika zvayo hapana pfungwa, zvisinei nekuti dzakapinza zvakadii, dzingava netarisiro yekuzviburitsa pachena. Ndiwo wekutanga pakati pazvinhu zvese zvakasikwa kupupura runako rweMusiki wawo, ndiwo wekutanga kucherechedza kubwinya Kwake, kubatirira pachokwadi Chake, uye kupfugama murumbidzo pamberi Pake.”¹⁶

1. Zadzisai pakashama mumitsara inotevera:

a. Mweya chi_____ chaMwari.

- b. Mweya _____ iyo _____ vanhu vakadzidza zve-mandorokwati vakakundikana kunzwisisa, uye _____ zvayo hapana pfungwa, zvisinei nekuti dzakapinza zvakadii, dzingava netarisiro ye_____.
 - c. Mweya ndiwo _____ kupupura _____.
 - d. Mweya ndiwo wekutanga ku_____ kubwinya Kwake.
 - e. Mweya ndiwo wekutanga _____ pachokwadi cha Mwari.
 - f. Mweya ndiwo wekutanga ku_____ murumbidzo pamberi Pake.
2. Ndezvipi zvechokwadi pane zvinotevera?
- ____ “Kuburitsa pachena” zvinoreva kuti kuva nezano.
- ____ Pakati pezvisikwa zvole, chakatanga kuziva Mwari ipfungwa dzemunhu.
- ____ “Dzakapinza” zvinoreva kuchenjera.
- ____ Munhu akadzidza anonzwisisa zvakavanzika zve-mweya.
- ____ Vane ruzivo rwukuru rwezvefundo ndivo chete vanokwanisa kupupura runako rwaMwari.
- ____ Hazvina kukosha kufunga nezve-mweya nekuti hatikwanise zvachose kuunzwisisa.

CHIKAMU 12

Bahá'u'lláh anoti:

“Imi makafanana kunyangwe neshiri iyo inobhururuka, kuburikidza nesimba rayo rese remapapiro ayo akasimba uye nechivimbo chakakwana uye chine mufaro, kuburikidza nekukura kwematenga, kusvikira, yasundwa kuti igutse nzara yayo, inotendeukira nechishuwo kumvura uye ivhu repanyika zviri pasi payo, uye inobva yabatwa mubutiro rezvido zvayo, yobva yazviona ichitadza kubhururuka zvekare kudzokera kwayakabva. Ichinge yashaya simba rekuzunza mutoro wakarema uri pamapapiro ayo akasvibiswa, shiri iyoyo, kusvikira zvino yanga iri mugari wematenga, inomanikidzirwa kutsvaga musha wayo paguruva. Naizvozvo, Nhai varanda vangu, musasvibisa mapapiro enyu nevhu rekurasika uye kuzvido zvisina maturo, uye musaita kuti ave anosvibiswa neguruva regodo neruvengo, kuitira kuti musatadziswe kubhururuka mudenga rezivo Yangu tsvene.”¹⁷

1. Zadzisai mitsara iri pazasi.
 - a. _____ ndiwo shiri inorehwa na Bahá'u'lláh muchinyorwa ichi.
 - b. Shiri iyi mugari we_____.

- c. Kana mapapiro ayo akasviba, shiri yacho inomanikidzirwa kutsvaga musha wayo _____.
2. Zvino pindurai mibvunzo inotevera:
- a. Ko “mapapiro” emweya ano “zvibiswa” sei? _____

- b. Ndeipi imwe yemitoro iyo, yakafanana “nemvura nevhu repasi” inoremera mapapiro emweya? _____

- c. Ndezvipi zvimwe zvezvinhu zvinotitadzisa kubhururuka mumatenga ezivo tsvene? _____

- d. Chingava chii chinoita kuti mweya utame kubva mumusha wawo wekudenga uchisarudza guruva repasi? _____

3. Sarudza kuti mitsara inotevera ndeyechokwadi here:
- ___ Kubatirira pazvinhu zvepanyama kunokanganisa mubudiro yepamweya.
- ___ Kurasika kwedu uye zvido zvisina maturo zvinotidzorera kumashure kuti tisabhururuke mudenga tsvene reruzivo.
- ___ Ruchiva neruvengo zvinhu zvagara zvinowanikwa mumunhu uye hazviremeri mweya.
- ___ Tinogona kuzvisunungura kubva kumitoro iyo inotidzivisa kubva mukubhururuka kuhukuru hwematenga kuburikidza nekuzviparadzanisa kubva kune zvinhu zvepano pasi.
- ___ Musha wemweya uri pano pasi.

CHIKAMU 13

Bahá'u'lláh anoti:

“Mushure mekunge Vasika nyika nezvose zvinorarama nekufamba mairi, Vakasarudza kupa munhu danho rakasiyana nezvimwe zvose uye kwanisiro yekuti aMuzive uye kuMuda—iyo kwanisiro inofanira kutorwa sekumutsiridza manyukuku-nyuku uye sechinangwa chikuru chezvisikwa zvose . . . Pamusoro pechokwadi chemukati chechinhu chimwe nechimwe chakasikwa Vakaisa chiedza cherimwe ramazita Avo, uye vakachiita mugashiri wembiri yeimwe yetsika Dzavo. Nokudaro, pamusoro pechokwadi chemunhu, Vakananganisa kubwinya kwemazita ose uye tsika Dzavo, uye vakaita kuti ave chiringiro chaVo Ivo Pachavo. Pazvinhu zvose zvakasikwa, munhu chete ndiye akasarudzwa nekuda kwenyasha dzakakosha, anova makomborero asingaperi.”¹⁸

1. Zadzisai pakashama pazasi.
 - a. Mwari Vakasarudza kupa munhu danho rakasiyana nezvimwe zvose uye kwanisiro ye_____.
 - b. Pamusoro pechokwadi che _____ ne _____ chakasikwa Vakaisa chiedza che_____, uye vakachiita mugashiri wembiri ye_____.
 - c. Pamusoro pechokwadi chemunhu, Vakananganisa kubwinya kwe _____, uye vakaita kuti ave chiringiro cha_____.
2. Zvino chipindurai mibvunzo inotevera:
 - a. Munokwanisa here kudoma dzimwe dzetsika dzaMwari? _____

 - b. Ndedzipi dzimwe dzetsika dzaMwari idzo mweya wemunhu unogona kuratidza?

 - c. Tsika idzodzo dzinogona kuratidzwa nenzira dzipi? _____

 - d. Ndedzipi nyasha dzakakosha dzakasarudzirwa munhu? _____

3. Ndezvipi zvechokwadi pane zvinotevera?
 _____ Munhu haana kusiyana nezvimwe zvisikwa zvese?

- ___ Kwanisiro yekuziva Mwari nekumuda ndiyo inova mutsiridzo yemanyuku-nyuku uye chinagwa chikuru chakakosha pazvisikwa pese.
- ___ Chokwadi chechinhu chese chakasiyika ndechekuwa mugashiri wetsika dzaMwari.
- ___ Mweya wemunhu unokwasisa kuratidza tsika dzese dzaMwari.

CHIKAMU 14

Bahá'u'lláh anotirayira:

“Masimba aya kuburikidza neNyeredzi-yezuva remakomborero eDenga uye Chitubu chenhungamiro yedenga akapa chokwadi chemunhu, zvisinei, akavanda mukati make, kunyangwe serimi remweje rakavanzwa mukati mekenduru uye mirazvu yechiedza irimo mukati merambi. Kubwinya kwemasimba aya kunogona kudzivirirwa nezvido zvepanyama kunyangwe sechiedza chezuva chinogona kuvanzwa pasi peguruva nemarara anovharidzira chiringiro. Hapana kanduru kana rambi rinokwanisa kubatidzwa nesimba racho pasina rubatsiro, kana kuti hazvikwanisike kuti chiringiro chizvichenese kubva kumarara acho. Zviri pachena uye zvine umboo kuti kusvikira moto wabatidzwa rambi harikwanisi kubaka, uye kunze kwekuti kana marara abviswa pahuso hwechiringiro hachikwanisi kuburitsa mufananidzo wezuva kana kuti chiratidzire rujeke rwechiedza uye kubwinya kwaro.”¹⁹

1. Izwi rekuti “kuvanzika” rinorevei? _____

2. Ndeapi mamwe emasimba akavanda mumweya wemunhu? _____

3. Rambi rine kwanisiro ipi? _____
4. Chiringiro chine kwanisiro ipi? _____
5. Chii chaunofanira kuita kurambi kuti ripe chiedza? _____

6. Chii chaunofanira kuita kuchiringiro kuti chiratidzire mwenje? _____

7. Rambi nechiringiro zvinokwanisa here kuratidza kwanisiro yazvo pachezvazvo? _____
8. Tingafananidze sei mienzaniso miviri iyi kuchimiro chemweya wemunhu? _____

-
-
9. Ndiani anogona kuita kuti mweya wemunhu uburitse kwanisiro yawo? _____
-

CHIKAMU 15

Bahá'u'lláh anoti:

“Suwo reruzivo rwaIye Akagara Aripo rakagara riri, uye richaramba, rakavharwa nokusingaperi kuchiso chemunhu. Hakuna nzwisiso yemunhu ichawana svumbunuro yekuchivanze Chake chitsvene. Zvisinei, semubairo wenyasha Dzake, uye sechiratidzo cherudo rwake rwune mutsa, Akaburitsa pachena kuvanhu Nyeredzi dzezuya rerutungamiriro Rwake rwedenga, Zviratidzo zvekubatana kwedenga Rake, Uye Akaita kuti ruzivo rweVanhu ava vatsvene rwuve rwakafanana neruzivo Rwake Pachake. Anani nani anenge avaziva anenge aziva Mwari. Anani nani anenge anzwa shevedzero yavo, anenge anzwa Inzwi raMwari, uye anani nani anenge apupura kuchokwadi cheZvakazarurwa zvavo, anenge apupura kuchokwadi cheZvakazarurwa zvaMwari Pachake. Uyo anotendeuka kubva kwavari, anenge atendeuka kubva kuna Mwari, uye uyo asingatendi kwavari, anenge asina kutenda kuna Mwari. Umwe neumwe wavo iNzira yaMwari iyo inobatanidza nyika ino nenyika dziri kumusoro, uye Hwaro hweChokwadi Chake kumunhu wese ari muhumambo hwepasi nehwekudenga. Ndivo Vatumwa vaMwari pakati pevanhu, zvapupu zveChokwadi Chake, uye zviratidzo zveMbiri yake”²⁰

1. Muchishandisa chinyorwa chiri pamusoro, pindurai mibvunzo inotevera:
- a. Zvinokwanisika here kuti tizive Mwari tega pachezvedu? _____
 - b. Zvino, tingakwanisa sei kuziva Mwari? _____

 - c. Ungakwanisa here kudoma dzimwe Nyeredzi dzezuya rerutungamiriro rwedenga? _____

 - d. Avo vanenge vatevera kuInzwi reVatumwa vaMwari vanenge vadavira kuinzwi raani? _____

 - e. Tinenge tichitendeuka kubva kuNaani patinenge tisingadaviri kushevedzero yeVatumwa vaMwari? _____
2. Zadzisai mitsara inotevera:

- a. Suwo reruzivo rwaIye Akagara Aripo rakagara uye richaramba raka _____ nokusingaperi.
- b. Hapana kana nzwisiso yemunhu ichawana svumbunuro yeku _____.
- c. Mwari vakatuma Vatumwa vavo semubairo we _____ Dzake uye sechiratidzo che _____ Rwake.
- d. Ruzivo rweVatumwa vaMwari rwakafanana ne _____.
- e. Uyo atenda kwaVari anenge a _____.
- f. Uyo anenge adavira kushevedzero Yavo anenge a _____.
- g. Umwe neumwe Wavo inzira yaMwari iyo _____

_____.

3. Ndezvipi zvechokwadi pane zvinotevera?

- ___ Tinokwanisa kukura pamweya kuburikidza chete nekuedza kwedu pachedu.
- ___ Mwari vakatipa pfungwa, uye zvakatotikwanira pabudiro yedu.
- ___ Tinokwanisa kubudirira pamweya kuburikidza chete nekutenda kuVatumwa vaMwari uye hatifanirwi kuisa kuedza kukuru.
- ___ Tinokwanisa kubudirira pamweya kuburikidza kutenda kuMutumwa waMwari uye kuburikidza nekuedza kurarama maringe nedzidziso Dzake.
- ___ Tinokwanisa kuziva Mwari pachedu.
- ___ Munhu anokwanisa kuita saMwari chaiye.
- ___ Mwari vari pamusoro-soro kudarika nzwisiso yevanhu.
- ___ Kana tikateerera kuVatumwa vaMwari, tinenge tichiteerera kuInzwi raMwari

CHIKAMU 16

Bahá'u'lláh anoti:

“Vaporofita neVatumwa vaMwari vakatumwa nekuda kwechinangwa chimwechete chekutungamirira vanhu kuNzira yakatwasuka yeChokwadi. Chinangwa chakanangana nezvakazarurwa zvavo chakanga chiri chekudzidzisa vanhu vese, kuitira kuti, panguva yekupedzisira, vangangogona kukwira, nokuchena nohutsvene uye vakazviparadzanisa zvachose, kuChigaro chohushe hweAri kuMusoro-soro.”²¹

Uye mune imwe ndima, Anoti:

“Munhu ndiye Mutumwa repamusoro-soro. Kushomeka kwedzidzo yakafanira, zvisinei, kwakamunyimisa izvo zvaafanirwa kuwana panhaka. Kubudikidza

nenzwi rakabuda mumuromo waMwari akadaidzwa kuti munhu; nerimwe inzwi zvakare akatungamirirwa kuti azive chitubu chefundo yake; nerimwe inzwi zvekare danho neramangwana rake zvakachengetedzwa. Musiki Mukuru akati: torai munhu semugodhi wakapfuma nendarama dzine hukoshwa husingaereki. Dzidzo pachayo, inokwanisa, kuukonzera kuti uburitse hupfumi hwawo, uye yotendera rudzi rwemunhu kuti rwubatsirike kubva ipapo. Chero dai munhu aizodzamisa pfungwa pamusoro pezviri muMagwaro, , chakaburitswa pachena, ayo akatumirwa pasi kubva kudenga reChido chakasununguka chaMwari, aikwanisa kuzoziva kuti chinangwa chawo ndechekuti vanhu vose vanofanirwa kuonekwa semweya umwechete, kuitira kuti chiratidzo chinoburitsa mazwi ‘Humambo hunofanirwa kuva hwaMwari’ chigonyorwa pamwoyo weumwe neumwe, uye chiedza chemakomborero aMwari, chenyasha, nehutsvene chizoputira rudzi rwese rwemunhu.”²²

1. Vaporofita neVatumwa vakatumwa nechinangwa chei? _____

2. Ndechipi chinangwa chakanangana nezvakazarurwa Zvavo? _____

3. Inzwi rekuti “mutumwa” rinorevei? _____

4. Ndeipi migumisiro yekushomeka kwedzidzo yakafanira? _____

5. Dzidzo yakakodzera inokonzerei? _____

6. Chii chinova chitubu chedzidzo yedu? _____
7. Nderipi ramangana redu? _____

8. Ndedzipi dzimwe ndarama dzinoburitswa pachena nedzidzo? _____

9. Chii chatinokwanisa kucherechedza kana tikadzamisa pfungwa paZvinyorwa Zvitsvene? _____
- _____
- _____
- _____

CHIKAMU 17

Bahá'u'lláh anoti:

“Pamusoro pezvose, makaNdibvunza, maererano nezvemamiriro emweya mushure mekuparadzana kwawo nemutumbi. Zvirokwazvo, zivai, zvechokwadi, kuti kana mweya wemunhu wakafamba munzira dzaMwari, uchava, zvisina kupokana, unodzokera uye uchanogara kumbiri yeMudikanwi. Kuburikidza nekururama kwaMwari! Uchasvika pachinhano icho chisina chinyoreso chichakwanisa kunyora nezvacho, kana kutsanangurwa nerurimi. Mweya unoramba wakatendeka kuRudaviro rwaMwari, uye unomira wakasimba usingazungunuki muNzira Yake, mushure mekukwira kwake, uchava wakazadzwa nesimba iro rekuti nyika dzose Dzakasikwa naSamasimba dzichakwanisa kubatsirika kuburikidza naye.”²³

1. Zadzisai mitsara inotevera:
- a. Kana mweya wemunhu wakafamba munzira dzaMwari, zvirokwazvo, uchava _____.
- b. Uchasvika pachidanho icho _____.
- c. _____ unoramba _____ ku _____ rwa_____, uye uno_____ wakasimba usingazungunuki mushure me_____, ucha_____ iro rekuti nyika dzose _____ dzichakwanisa _____ kuburikidza naye.

CHIKAMU 18

Bahá'u'lláh anotiraira:

“Wakakomborerwa mweya uyo, panguva yekuparadzana kwawo nemutumbi, wakacheneswa kubva kumifungo isina maturo yevanhu vepanyika. Mweya wakadaro unorarama uye unofamba maringe neChido cheMusiki wawo, uye uchapinda muParadhiso yepamusoro-soro. Varandakadzi vekuDenga, vagari vedzimba dzekumusoro, vachaita denderedzwa vakaukomberedza, uye

Vaporofita vaMwari ne vakasarudzwa Vake vachatsvaga kushamwaridzana nawo. Pamwechete navo, mweya iwowo uchataura zvakasununguka, uye ucharondedzera kwavari izvo zvawakasangana nazvo munzira yaMwari, Ishe wenyika dzose.”²⁴

“Anofanira kuregerera vatadzi, uye haazozvidzi kudzikira kwechinhanho chavo, sezvo pasina anoziva kuti mugumo wake uchange wakadii. Kakawanda zvakadii apo mutadzi anowana hudzamu hwekutenda, panguva yekufa, uye, omedza nekuchimbida mushonga wekusaparara, akave anobhururuka achipinda muGungano rekumusoro-soro! Uye kangani apo mutendi akazvipira, panguva yekukwira kwemweya wake, anoshandurwa zvekunowira muzigomba remoto chairo!”²⁵

1. Mweya wedu unofanirwa kunge une chimiro chakadii apo paunoparadzana nemutumbi? _____

2. Ndeapi mamwe mafungiro asina maturo? _____

3. Mweya wakacheneswa kubva kumifungo isina maturo uchararama mumamiriro api mushure merufu? _____

4. Ndivanaani vachazova shamwari dzemweya? _____

5. Mweya wakadaro unokwanisa here kutaura neVaporofita vaMwari uye vasarurwa Vake? _____
6. Tingaziva here kuti hupenyu huchapera sei uye rinhi? _____
7. Chii chatingaita zvino kuti tisvike pahupenyu hwatakagadzirirwa? _____

CHIKAMU 19

‘Abdu’l-Bahá anotsangura:

“Sezvo mweya wemunhu uchirarama nekusingaperi mushure mekukatanura chimiro ichi chepasi, unova, semaitiro ezvinhu zvole zvepasi, nekwanisiro yekubudirira zvisina kukundikana, naizvozvo munhu anokwanisa kunamatira mweya wevakashaya kuti uenderere mberi, kuti uregererwe, kana kuitwa kuti utambire nyasha nezvikomborero zvedenga. Ndicho chikonzero nei, muminamato yaBahá’u’lláh, ruregerero nekangamwiro yaMwari zvinokumbirirwa kune avo vakakwira kunyika inotevera. Pamusoro pazvo, sekuda kunongoita vanhu Mwari munyika ino, ndikowo kuMuda kunongoitawo vari munyika inotevera. Zvisikwa zvakangogara zvichida rubatsiro, uye Mwari vagara vakangozvimirira kubva kwazviri, mungave munyika ino kana munyika inouya”²⁶

Sei tichifanirwa kunamatira mweya yeavo vakashaya?

CHIKAMU 20

‘Abdu’l-Bahá anonyora:

“Mweya wemunhu paunobhururuka uchibuda mudutu rino revhu unopfuura uye wokwira kuenda kunyika yaMwari, mambure anobva adonha, uye chokwadi chakadzama chinobuda pachena, uye zvinhu zvole zvaisazivikanwa zvinobva zvajekeswa, uye chokwadi chakavanzika chinobva chanzwisika.

“Tarisai kuti munhu, ari munyika yemudumbu, aiva matsi yenzeve uye bofu remaziso, uye chimumumu cherurimi; akanga asina zvakadii kunyangwe maonero api zvawo pazvinhu zvole. Asi, paakangobuda munyika iyoyo yerima, akapinda munyika ino yechiedza, zvino meso ake akaona, nzeve dzake dzikanzwa, rurimi rwake rwukataura. Nenzira imwecheteyo, apo paakabuda munyika ino inoparara achipinda muHumambo hwaMwari, zvino anobva azvarwa mumweya; zvino ziso remaonero ake emukati rinobva ravhurika, nzeve yemweya wake

inobva yanzwa, uye chokwadi chose chaakanga asingazivi kumashure chinobva chavhurika uye chojekeswa.”²⁷

1. Zadzisai pakashama pazasi.
 - a. Kana mweya wemunhu ukabva panyika ino, zvino
 - mambure _____,
 - uye chokwadi chakadzama _____,
 - uye zvinhu zvose zvakanga zvisingazivikanwi kumashure _____,
 - uye chokwadi chakavanzika _____.
 - b. Munyika ye _____, takanga tiri _____ yenzeve _____ yemaziso uye _____ yerurimi.
 - c. Patakazvarwa munyika ino, zvino meso edu _____, nzeve dzedu _____, rurimi rwedu _____.
 - d. Nenzira imwecheteyo, apo patinoenda kuHumambo hwaMwari, tinobva _____ mu _____.
 - e. Zvino ziso re _____ edu e _____ rinobva _____, nzeve ye _____ wedu inobva _____, uye _____ chatakanga tisingazivi kumashure chinobva _____ uye _____.
2. Sarudzai kuti zvirevo zvoinotevera ndezvechokwadi here:
 - ___ Patinenge tiri munyika yemudumbu, tinoziva nezvenyika ino.
 - ___ Chimiro chedu mushure merufu ichokwadi chakavanzika kwatiri muhupenyu huno.
 - ___ Mikana mitsva, ichavhurika pamberi pedu mushure merufu.
 - ___ Kana tikafa, tinodzoka kunyika ino kuzozvarwa patsva.

CHIKAMU 21

Bahá'u'lláh anotaure:

“Uye zvino maringe nemubvunzo wenyu wekuti mweya yevanhu inoramba ichizivana here mushure mekuparadzana kwayo nemutumbi. Zivai zvechokwadi kuti mweya yevanhu vaBahá, avo vakapinda uye vakagadzikwa mukati meAreka Tsvuku (Crimson Ark) vachagarisana nekutaura vese pamweya, uye vachagara vari pedyo napedyo muhupenyu hwavo, zvishuvo zvavo, zvinangwa zvavo nezvavanotsungirira kuda kuva zvichava semweya umwechete. Ndivo

zvirokwazvo avo vane ruzivo rwakanyanya, avo vane muono wakadzama, uye vakazadzwa nenzwisiso. Ndizvo zvakataurwa naIye Anova Muzivi-Wezvose, Ane Hungwaru-Hwose.

“Vanhu vaBahá, vanova vagari vemuAreka yaMwari, ndivo, vekutanga nekupedzisira, kuziva danho uye mamiriro eumwe wavo, uye vakabatana muzvisungo zvakasimba zvekudyidzana nehushamwari, Nokudaro, mamiriro iwayo anofanirwa kuenderana nekutenda kwavo uye netsika dzavo. Avo vanova vemugwaro nedanho rimwe chete vanozivana zvizere kwanisiro, hunhu, hupfumi netsika dzeumwe neumwe. Zvisinei avo vemagwaro epazasi, havana kwanisiro yekunzwisisa zvakazara danho, kana kufungidzira tsika, dzeavo vari pamusoro pavo. Umwe neumwe achawana chikamu chake kuna Mwari wake. Akakomborerwa munhu uyo akatendeudzira uso hwake kuna Mwari, uye akafamba akatsungirira murudo Rwake, kusvikira mweya wake wabhururuka kuenda kuna Mwari, Mambo wezvinhu zvese, Ane Simba Guru, Muregereri, Ane Tsitsi Dzose”²⁸

1. Munyika inotevera, tichaziva here vanhu vataiziva munyika ino? _____
2. Kugarisana kwemweya kuchange kuri pedyo zvakadii munyika inotevera? _____

3. Misiyano ichange iri pakati pemweya munyika inotevera ichange ichienderana nechii? _____

4. Pane here chero munhu achanyimwa nyasha dzaMwari? _____

CHIKAMU 22

Bahá'u'lláh anotikurudzira:

“Nhai varanda Vangu! Musava nekusuwa kana, mumazuva ano uye padanho repasi pano, zvinhu zvinopesana nezvishuwo zvenyu zvikaunzwa uye kuburitswa pachena naMwari, nekuti mazuva emufaro mukuru, emufaro wedenga, zvirokwazvo akachengeterwa imimi. Nyika, tsvene uye dzine mbiri yepamweya, dzichazarurwa kumaziso enyu. Makarongerwa naIye, munyika ino neichauya, kuti mushandise zvipo zvadzo, kuti mugoverane mumufaro wadzo, uye kuti muwane chikamu chenyasha dzadzo dzinoraramisa. Zvisina kukahadzika, muchasvika kuimwe nemwe yadzo”²⁹

1. Sarudza kuti ndezvipi zvechokwadi pane zvinotevera:
 ____ Tinofanirwa kuzadzwa nekusuwa kana zvinhu zvisiri munzira yatinoda kuti zvive.
 ____ Zvese, zvingava zvakanaka kana zvakaipa, zvakadzikwa naMwari.
 ____ Mazuva emufaro mukuru akatimirira tose.

___ Tine chokwadi chekuona nyika tsvene uye dzine mbiri yepamweya.

___ Chinhaño chedu kuti tiwane chikamu chehupfumi hwenyika tsvene uye dzine mbiri yepamweya, zvese munyika ino neichauya.

2. Sei tisingafanirwi kuzadzwa nekusuwa kana zvinhu zvinopesana nezvishuwo zvedu zvikaitika?

3. Ndeipi vimbiso yatakapihwa naBahá'u'lláh mundima iyi?

CHIKAMU 23

Muchitsauko chino, mafungisisa pamusoro pezvinoreva hupenyu hwemunhu. Madzidza zvakananyanya maringe nechimiro chemweya, chinangwa chehupenyu munyika ino, kukosha kwekuumba tsika dzepamweya, uye vimbiso yakapihwa kwatiri yehupenyu husina magumo, hune mbiri uye hwakazadzwa nemufaro. Muchitsauko chechipiri chebhuku, tataura nezvezvinangwa zviviri (*twofold purpose*)—kushandira kukura kwedu pamweya nepamafungiro uye kubatsira kushanduko yenharaunda. Heunoyi mukana wekudzokera kupfungwa iyoyo uye mofunga pamusoro pekukosha kwekushandira pfungwa idzi mbiri dzechinangwa, maringe nenzwisiro yakadzama yamawana pamusoro pekufambira mberi kwemweya. Fungisiso dzenyu dzinogona kubatsirwa nehurukuro yemadingingdira ari pazasi muchikwata chenyu.

1. *Kuumba tsika dzepamweya*
2. *Kutevedzera mitemo yaMwari*
3. *Kutora chinzvimbo mukuunza magariro-akanaka erudzi rwemunhu*
4. *Kufambira mberi munzira yeshandiro*

REFERENCES

1. From a talk given on 10 November 1911, published in *Paris Talks: Addresses Given by 'Abdu'l-Bahá in 1911* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2006, 2016 printing), no. 29.12–13, p. 109.
2. From a letter dated 1 April 1946 written on behalf of Shoghi Effendi, published in *Lights of Guidance: A Bahá'í Reference File* (New Delhi: Bahá'í Publishing Trust, 1988, 2010 printing), no. 1820, p. 537.
3. From a letter dated 28 July 2016 written on behalf of the Universal House of Justice.
4. 'Abdu'l-Bahá, in *Some Answered Questions* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2014, 2016 printing), no. 66.3, pp. 352–53.
5. *Ibid.*, no. 38.5, p. 220.
6. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 9 November 1911, published in *Paris Talks*, no. 28.16, p. 104.
7. From a letter dated 31 December 1937 written on behalf of Shoghi Effendi, published in *Lights of Guidance*, no. 680, p. 204.
8. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1983, 2017 printing), LXXXII, par. 8, p. 183.
9. 'Abdu'l-Bahá, in *Some Answered Questions*, no. 61.1–2, p. 334.
10. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, LXXX, par. 2, p. 174.
11. *Ibid.*, LXXXI, par. 1, p. 176.
12. *Ibid.*, CLXV, par. 1–3, pp. 391–92.
13. Bahá'u'lláh, *The Hidden Words* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2003, 2012 printing), Arabic no. 32, p. 11.
14. From a talk given on 6 July 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by 'Abdu'l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2012), pp. 315–16. (authorized translation)
15. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, V, par. 4, p. 8.
16. *Ibid.*, LXXXII, par. 1, pp. 179–80.
17. *Ibid.*, CLIII, par. 6, pp. 370–71.
18. *Ibid.*, XXVII, par. 2, pp. 72–73.

19. Ibid., XXVII, par. 3, p. 73.
20. Ibid., XXI, par. 1, pp. 54–55.
21. Ibid., LXXXI, par. 1, p. 177.
22. Ibid., CXXII, par. 1, pp. 293–94.
23. Ibid., LXXXII, par. 7, p. 182.
24. Ibid., LXXXI, par. 1, pp. 176–77.
25. Ibid., CXXV, par. 3, pp. 300–1.
26. ‘Abdu’l-Bahá, in *Some Answered Questions*, no. 62.3, pp. 340–41.
27. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 149.3–4, pp. 246–47.
28. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, LXXXVI, par. 1–2, pp. 192–93.
29. Ibid., CLIII, par. 9, p. 373.